Нобэ Гъэрэ щIырэ зэхокI

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩKIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№56-57 (21.215) ● 2008 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 22, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 6-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Табыхьу А. У. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Щ1ыхь тхыльыр етыным и Iуэхуакlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Зыпэрыт I энатI эм екъулI эныгъэ зэрыщIэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэду зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1ыхь зиI э и уэхуакlэ» щ1 лъапIэр яфI эщын:

Къултырбей Хьэчим Мэчэрбич и къуэ - «Отделочник» ООО-м и унафэ-ствэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1ы Iэ экономикэ щIэпхъаджагъэхэм пэщIэтынымкIэ и управленэм и унафэщ1ым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ 2008 гъэм гъатхэпэм и 14-м №38-УП

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1ыхь зиI э и уэхуакIуэ щ1э лъапIэр фI эщ1ымрэ I уэхуакIэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым и Указ

Уэхуэныгъэм и I энатI эм екъулI эныгъэ зэрыщIэм икIи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэду зэрылажьэм папщIэ «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щ1ыхь зиI э и уэхуакIуэ» щ1 лъапIэр яфI эщ1ым:

Настаев Алисолтан Магомед и къуэ - «АССО» ООО-м и унафэщ1ым

Ерыстау Мухьэмэд Хьэжмурат и къуэ - «Отделстройтехмонтаж» ООО-м и унафэщ1ым.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ 2008 гъэм гъатхэпэм и 17-м №41-УП

● Дыгъуасэ

Щ1эдзапIэ

УФ-м и Федерацэ зэхуэсым и ящ1ыхьэр палатэм Президентымрэ Правительствэмрэ кьыхуредж Абхьазымрэ Осетие Ипщэмрэ хамэ унафэ зэрыщIэмытыр кьалыт эну.

ДЫГ I УА С Э апхуэдэ унафэ кьыщацтащ Кьэрал Думэм. Ди гугъэщ щхьэхуэу псэуа а щ1ыналъэхэр Курж1ым щ1ымыщ кьэпльыгъэным теухуа I уэхум щ1идзауэ. Hайуэу зэрыщ1тщ, ахэр а кьэралым ильэс зыкъом хьуауэ хэтыжкъым. Иджы а I уэхур хабзэкIэ щIагъэбыдэн хуей кьудейуэ заращ. Абхьазэкъом осетинхэми ядэрэкъым Курж1ым хэтын. Иужь зэманым абыхэм я щ1ыналъэхэр щхьэхуэу кьалытэн папщIэ I эмал хьарзынэхэр кьыкъуэкIащ. Псом папсу кьэгъэльэгъуэн хуейщ Украинэмрэ Курж1ымрэ НАТО-м хьыхьэну зэрамурадыр. Апхуэдэу хьууэ щытмэ, ахэр езырезыр у кьаэхутэнущ УФ-м кьыпэщIэт кьэралхэм. Абы щ1агъуэми щ1ыналъит I ми щекIуэкIа референдумэм белджылыуэ кьагъэльэгъащ Абхьазымрэ Осетие Ипщэмрэ щхьэхуэ хьунущ, иужькIэ Урысейм кьыхьхьэну зэрамурад быдэр. Абы и щ1ыхьэтщ а щ1ыналъэхэм щ1ыпсэухэм я нэхьыбэм Урысейм и щ1ыхум и паспортхэр кьызэрыIахар. Ахэр ди кьэралым щ1ыщ1 икIи УФ-м и кьаэнэщ ихъумэну.

Кьэрал Думэм апхуэдэ дыдэуи щыкIаащ: Курж1ыр Абхьазымрэ Осетие Ипщэмрэ кьатеу эмэ, Урысейм ахэр кьарухIэ ихъумэнущ.

Апхуэдэ щ1ыкIэкIэ щ1ыналъит I ыр хамэ унафэ щ1эмыту кьэлытэнымр Урысейм кьэрал I уэху щ1ыхьащ. Щ1ыэжкъым Урысейм США-м и кьыпикIухьу, абы и щхьэ хуигъэщхьыу щ1ыщ1та зэманыр. Щхьэхуитыныгъэм щхьэкIэ лъы зыгъэжа лъэпкъ хэр гъуныгъэу хуэхъуащ я мурадым.

ШАЛ Мухьэмэд,
«Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель.

● Гу зытъетапхъэ

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и премьер-лигэ «Спартак-Налшык» - «Амкар» (Пермь)

Налшык. «Спартак» стадион.

Гъатхэпэм и 23. Сыхьэтыр 19-м.

Экономикэ, жылагъуэ щынагъуэ нэшанэгъэмкIэ КЪБР-м и советым и секретарь Шондыр Олег дыгъуасэ республикэ газетэм и журналистхэм яIуэщIащ.

ЗЭIУЩIЭР теухуауэ щыт-тащ терроризм, экстремизм кьэмыгъэхъунымкIэ КЪБР-м и кьэрал властым зэфIигъэкI лъэкьыгъэхэр щ1ыхьэм я лъэгъэIэсынкIэ кьаэрехьулIэм.

- 2004 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м КЪБР-м и Президентым и унафэкIэ ди республикэм кьыщ1ызэрагъэпэщащ КЪБР-м и щ1ыналъэ антитеррор комиссэ, - жиIаащ Шондыр Олег. - Ар терроризмэ кьэмыгъэхъунымкIэ республикэм и щ1ыпIэ щхьэхуэхэм щ1ыIуэхущIапIэхэм я лъэныгъэр зэзыгъэуIу комиссэщ. Абы и лъэкьыгъэм лъэужьыхуэхуэ УФ-м и Президентым кьыдигъэкIа унафэхэр, указхэр, Лъэпкъ антитеррор комитетым и унафэхэр. Зи гугъу тщIы комиссэр УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Ипщэфедральнэ округым щ1ым и аппаратым, Лъэпкъ антитеррор комитетым, кьэрал властым и органэм, щ1ыпIэ самоуправленэхэм я органэм, республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядолажьэ. КЪБР-м и щ1ыналъэ антитеррор комиссэм и унафэщIу КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен.

АдэкIэ Шондырым жиIащ терроризмэм ебэнынымкIэ УФ-м щекIуэкI ыуэ щыт кьэрал политикэр республикэм щыгъэзэщIэнымкIэ 2007 гъэм комиссэм и нэIэ щIэт лъэкьыгъэ щхьэхуэ зэрыщекIуэкIар. А ильэсым кьриубыдэу комиссэм зэIущIэу 10 иригъэкIуэкIащ. Абы щ1ыхьэпIащ щ1ыху куэд здэщыIэ щIыпIэхэм мафIэс кьыщымыгъэхьыным кIэлъыплъ-ныр нэхьри егъэфIэкIуэн зэрыхуэйм; щ1ыпIэ хэхаэр хъумэным ехьэлIауэ КЪБР-м и Правительствэм кьыдигъэкIа Унафэр гъэзэщIа зэрыхьум; Хэхыныгъэхэр щекIуэкIа лъэхъэнэхэм антитеррор щынагъэунщагъэ кьызэгъэпэщыным; терроризм щ1эпхъаджагъэхэр кьэмыгъэхъунымкIэ кIэлъыплъ-ныр зэрыхуэйм, нэхъуащIхэми.

КЪыхэсэщыпхъэщ республикэм и район псомэ муниципальнэ антитеррор комиссэхэр зэрыщ1лажьэр. Абыхэм я лэжьыгъэр нэхъыфIу кьэйхъулIэн папщIэ методикэ чэнджэщхэр зэхагъэуващ.

Шондырым жиIащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ебэнынымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр, хъыбарегъащIэ Iэмалхэр кьагъэсэбэпурэ, щ1ыхубэм я дежь нэхьсыныр я кьалэн нэхьыщхьэхэм ящ1ыщу зэрыщ1тыр. 2007 гъэм а Iуэхум траухуащ тхыгъэ 200-м щIигъу.

Советым и аппаратыр набдзэгубдзапIэу кIэлъопIь жылагъуэ щынагъуэнщагъэр республикэм кьыщ1ызэгъэнэщIа зэрыщ1ыхьум, щ1ыхубэм я дежкIэ мыхьэнэщхэу зиI э Iуэхугъуэхэр зэфIэхыным, нэгъуэщIхэми.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

Шынагъуэ къэмыгъэжьынымкIэ

● Къэрал къулыкъущIапIэхэм

Мазитым къриубыдэу

КЪБР-м дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымрэ щ1ыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ и министр Шипов Владимир республикэм и Правительствэм и зэIущIэм гъатхэпэм и 20-м къыщ1ыпсэпIащ.

АБЫ З Э РЫЖИ А МКIЭ, мэлыжьхьым и 1-м щ1ыщIэдзауэ накъыгъэм и 31-м нэсыху Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм лэжьыгъэшхуэ щ1агъэкIуэкIынущ жылагъуэхэр, псыхъуэхэр гъэкъэбзэным, хабзэм къемызэгъыу куэншыб идзапIэ ящ1а щ1ыпIэхэр зэIуэпэщ щ1ыжьым теухуауэ. Мазитi лэжьыгъэм ирикъыдэу щхьэнтIагъэхэр, уэд гъэгъахэр хасэнущ, псы фIейр зыгъэжьабзэ уэхуэныгъэхэр зэрагъэпэщыжынущ, фэеплъ щ1ыпIэхэр зэIуэпэщ ящ1ынущ. Мазитi м къриубыдэу зэфIагъэкIахэр зэхалъхьажьынущ мэкъуауэгъуэм и 15-м.

Ари лей хъунукъым

Къэбэрдей-Балькъэрым кьыщ1алъхуэ лэтхэнэ сабийм папщIэ дыпкIэ зэуэ зэрыщIэныкъуэ ахъщэу сом мин 2 ирагъэтынущ. КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымкIэ и министр Гюбеев Альберт республикэм и Правительствэм гъатхэпэм и 20-м иригъэкIуэкIа зэIущIэм ащхуэдэу щыжиIащ.

АХЪШЭР иратынущ 2008 гъэм щ1ышылэм и 1-м щ1ыщIэдзауэ кьалъхуа сабийхэм. Ахъшэр зратынур адэ-анэрщ е сабийр зыпIыжьэрщ. Ахъшэр кьыIахьи папщIэ щ1ыхуэм Дзжельбаевэм социальнэ зыужьынымкIэ и министр Гюбеев Альберт республикэм и Правительствэм щ1ыпIэм щ1ыщ1 департаментым зыхуагъэзэн хуейщ.

Министрым апхуэдэу жиIащ дызыхуэкIуэ гъэмахуэм кьриубыдэу республикэм щ1ыщ сабийуэ мин 50 нэхъ мынэхь машIэм зрагъэгъэпсэхуну зэрагурадыр. А Iуэхум сом мелуани 150-рэ хуэхъ. Мэлыжьхьым и 15-м нэсыху кьапщ1тэжынуф сабийхэм зыщагъэсэхуну Iуэхущ1апIэхэм я щ1ыгъэкIэрэ зэхуэфIэжмкIэ кьыдэрызэгъэпэщамрэ.

КЪБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апI э.

Урысбамбэт Аслъэн

Бэчыжь Лейлэ

● Пшыхьэр

«Дыщэ алъпыр» зылъысахэр

Налшык къалэ и Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм зэIущIэ гуапэ щекIуэкIащ. Абы щагъэлъапIащ Къэбэрдей-Балькъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым я зыужьынымрэ зэуэлажьэрэ, къэралым и зэIущIэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщI щ1ыху щэджащэхэр. Пшыхьэр кьызэригъэпэщащ Дунейпсо Артийскэ Комитетым Кавказ Ищхьэрэм щIэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI, Творчествэмкlэ жылагъуэ академием и тхьэмадэ Бейтыгъуэн Iэуес.

ЗЫПЭРЫТ I энатI эм щаIэ екъулI эныгъэхэм папщIэ щ1ыху зыбжанэм хуагъэфащащ Дунейпсо Артийскэ Комитетым и «Дыщэ алъп» дамыгъэ лъапIэмрэ щ1ыхь тхьылъымрэ.

- Нобэ ди щ1э кьытIуэну дэтхэнэ зыри жылагъуэ гъащ1эм жыдэру хэт, зи IуэхущIафэ дахэхэмкIэ щ1эблэм щапхъэ яхуэхъу щ1ыху щэджащэхэщ, - жиIащ **Бейтыгъуэн Iэуес** пшыхьыр кьыщ1эуIихым. - Ахэр зыщ1ащ республикэхэм я мызакъуэу, Кавказым, къэралым я зыужьныгъэм зи гуащIэ хэзылъхьэ лэжьакIэущхьэхэщ. Иджыблагъэ дэ мыпхуэдэ зэIущIэ япэу щедгъэкIуэкIащ Москва. Къалащхьэм и «Космос» концерт гъэлъэгъуапIэм кьыщ1эзхуэсат Кавказ лъэпкъхэм щ1ыщу ди къэралым и щ1ыхьэрэ щ1ыпсэущхэр. Хэхыныгъэхэр щекIуэкIа лъэхъэнэхэм антитеррор щынагъэунщагъэ кьызэгъэпэщыным; терроризм щ1эпхъаджагъэхэр кьэмыгъэхъунымкIэ кIэлъыплъ-ныр зэрыщ1лажьэр. Абыхэм я лэжьыгъэхэм ядолажьэ. КЪБР-м и щ1ыналъэ антитеррор комиссэм и унафэщIу КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен.

Шондырым жиIащ терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ебэнынымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр, хъыбарегъащIэ Iэмалхэр кьагъэсэбэпурэ, щ1ыхубэм я дежкIэ мыхьэнэщхэу зиI э Iуэхугъуэхэр зэфIэхыным, нэгъуэщIхэми.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замир.

Республикэ полиграфкомбинатым и унафэщI Къудей Владимир «Дыщэ алъпыр» Казиханов Алий ирет.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Зэ1ущ1эхэр ■ Махуэгъэпс ■ Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

■ ТВ, радио нэтынхэр ■ Щ1эбэт къыдэкIыгъуэ ■ Малъхъэдис

Ижь-ижьыж лъандэрэ

● Лъэпкъ гуфIэгъуэ

Адыгэхэр дунейм тет лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящ1ыщ. Ильэс мин бжыгъэхэм къыщ1ынэркъым абыхэм я тхыдэм, я хабзэм и лъабжьэр зэрыгъэжьар. Абы зэманым блэкIа куэдым я нэпкъыжьэ телъыр. Ар уи фIэщ щхьэкIэ ирихъунщ адыгэбзэм и къуеляегъэр, абы хэт фIэщыгъэщIэхэм я къэгъэхьыкIэм и гъэщIэгъуэнагъыр. Ещхьыркъабзэщ адыгэ хабзэм щ1ыхуэ я зэхуэщ1тыкIэ дахэхэр зэрыгъэрагъэкIуэр, ауиреймрэ щ1ыхумрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр ди хабзэхэмрэ лъэпкъ нэщэнэхэмрэ къызэрыхэщыр.

АПХУЭДЭУ дыкъэзыухъуреихь щ1ыуэпсым и щ1ытыкIэ зэхуэмыдэхэмрэ абыхэм яIэ плыффэ зэмыщ1ыхьэмрэ игу ирибудэкIэрэ, дунейм хуэIэзэ хьуурэ, щ1ыхум бгъэдэлъ щ1эныгъэм зригъэужьащ1ыр.

Нэхъыбэу абы гупльэтэ зыхуищ1ыр дунейм къэхъукъащIэхэрат. Мэкъумэш щ1эным зи гъащIэр теухуауэ щыт адыгэхэм абы ехьэлIа Iуэхугъэуэ псомэ зрагъэужьырт. Iэщым хэтым, Iэщ зезыхуэм абы и пIалъэ ящ1ыр. Ар Iупщ1у щынэрылъагъущ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къыддекIуэкI хабзэхэмрэ зетхъэ лъэпкъ хъущхьэмрэ. Абыхэм зеубыдэ ди махуэрыбжьри.

Ящ1э щ1ыкIэ адыгэм ильэсыр IыхьитIу дгуэшу щ1ытагъэнущ - гъэрэ щ1ырэ е гъэмахуэ пIалъэрэ щ1ымахуэ пIалъэрэ. Абы и щ1ыхьэту кьыщ1эжьынщ нобэ ди гъащIэм хэт псалъэухэ «Гъэрэ щ1ырэ зэхэкIащ» жыхуиIэр. Нэхъ ижьыIуэкIэ ильэсыр пIалъиплIу яIуэ хъуащ: гъатхэ, гъэмахуэ, бжьыхьэ, щ1ымахуэ. Мыбы дэтхэнэ зыми мазэ щ1ырыщ яубыдырт. Мазэм махуэ 30, ауэ щ1ыпсыр ильэсым махуэ 360-рэ къриубыдэу апхуэдэт. ЗэрыгурыIуэгъущи, ильэс кьэс махуэ зытхух кьыкIидзэрт. Ахэр адыгэхэм тхьэльэIу махуэхэу япьытэу щытащ. Апхуэдэ тхьэльэIу махуэхэм ящ1ыщт гъэрэ щ1ырэ щ1ыхэхкI махуищыр, IутIыж, бжьIуэдзкI, бжьIуэмахуэ, удэыпсэзэутх, гъубжьдэх, Созэрэщ и тхьэпльэIу, Тхьэшхуэигъхьэж, хъуромэ махуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэу ильэсыр Iыхьилплу зэрагуэшыр адыгэхэм ирапхырт «Вагъуэбзэкlэ» зэджэ вагъуэ быным. Ди анэдапхъбзэм кьыжанауэ иджыри хэтщ мыпхуэдэ жыIагъуэхэр: «Вагъуэбзэр щ1ым кьыхэкIащ», «Вагъуэбзэр гъабзэм кьыхэплъащ», «Вагъуэбзэр жыг щхьэкIэм хьыкащ», «Вагъуэбзэр щ1ым хьыхьэжащ». Мы псалъэухэхэм ящ1ыщ дэтхэнэмэ мыжьэ-нэ пыухыкIа иIэт икIи гъэм и зэман хэхам епхауэ жаIэрт.

Вагъуэбзэр щ1ым кьыхэкIауэ щалъытэр гъатхэм и деж махуэмрэ жэщымрэ зэхуэдэ щ1ыхьу зэманыр. Иджырей ди махуэгъэпсым тепщIыхьымэ, ар зыхуэзэр гъатхэпэ (март) мазэм и 21 - 22-р аращ. Мыбы ирихьлIэу адыгэхэм ильэсыщIэр кьихьащ1э ялытэрт. «Гъэрэ щIырэ зэхэкIащ», - жаIэрт абы щыгъуэ. ИльэсыщIэр кьыщ1ихьэ щ1ымахуэхэм теухуауэ унагъуэ я кьэс ма-фIащхьэтыхь (мужькIэ мафIащхьэ джэд жаIэ хуащ1) ящ1ырт, гъэфI кьаритыну Тхьэм ельэIурт, щ1алэгъуалэр хъуромэ джэгурт. Мы тхьэпльэIуи щ1ыхуэ хабзэ хьэлэмэтхэри пыщIат. Гъэрэ щIырэ зэхэкIа иужькIэ, IутIыж тхьэпльэIур ящ1ырт. Тхыдэм кьыззорыхэнамкIэ, абы и дежь джадыкIэ куэду ягъавэрт, джадыкIафэр щIым нагъэсырт, губгъуэм дэкIыуэрэ джэгу ящ1ырт. IутIыжым и ужькIэ джадыкIэ ягъажьэу е ягъавэру ящхьэрытэкъым, джадхэр кьурту джэджьей кьрашу яутIыпщ1ыжьыу. Ещхьыркъабзэщ, щэкIэнми табу трапльхэрт, щIэжьейм замыужьауи зыгуэр кьэбуIыныр гуэныхьышхуэ зыпIыть Iуэхугъуэ кьалытэрт.

Дунейм и щ1ытыкIэмрэ дыгъэм и кьепсыкIэмрэ, мазэм игъуэта теплъэмрэ вагъуэхэм я зэхуэвэкIэхэмрэ ятепщIыхьэмэ, нобэ Вагъуэбзэр щIым кьыхэкIащ. Гъатхэм и Iэдий щхьэантIэхэм щIылъэм хуиту зыщ1ауэхуэдий, Гъэрэ щIырэ щ1ызэхэкI зэманщ, гъэ бэ ди Iэну, ильэсыр угъурлуиуэ кьэ1тхущ1экIыну, насыпи кьытхуихыныр Тхьэм жиIэ!



Уасэхэр йохуэх

Владивосток щ1ахкъхъэр нэхъ пуд щ1ыхъуащ.

Сом 25-рэ я уасэ хъуатэ, тумэнитIым нэс кьрагъэхьжащ. Владивосток и властхэм хьэжьыгъэр нэхъ езэгъраб-гъуу гъунэгъу щ1ыналъэхэм яIуэ зэрыщащэхум и фIыщIэкIэ.

Кхъаэ дыдэт

Хабзэхъумэхэм зэхагъэкIащи Самар и гъунэмкIэ махуэ зыбжанэ и пэкIэ кьыщ1ыхуэ насыпыншагъэр зи Iуэхьыр. Кьыззрыщ1экIамкIэ, кхъаэ дыдэ хьуа псэуалъэр кьыззгешэхащ. Ильэс 12-зи ныбжь Оксим Максим хэкIуэдащ. Иэгъэущ1 зы щIалэ щ1ыкIуэр хуэныджэбз щ1ыкIуэр сымаджэщым щ1эльщ, фббжьыщхуэхэр ягъэутащ.

Нэхъапэм псэуалъэр бэнэхэр щагъэхъэзыр Iуэхущ1апIэу щытат. Ар щ1ыхуэхуащ1ыжьым, зеяхэм унэм хахащ бжэхэмрэ щхьэгъубжэхэмрэ, ауэ езыр якъутэну «къащ1ыгъупщащ».

Унагъуэ Iуэху, хьэмрэ?..

Москва езым и фтэрым хьэлэу кьыщ1ащ1ухьжащ тележурналист щ1ыпIуэ. Ильэс 32-рэ зи ныбжь Шупаев Ильяс.

Хабзэхъумэхэм хуагъэфащэ ар ятхъэлауэ. Щ1ыпIаевыр ильэс зыбжанэкIэ НТВ-м, иужькIэ телевидениэм и яп-канальм щылэжьащ.

ЗэкIэ иремыIэщIэкIэ

Урысейм и Президент зэгурыIуэ езыхэм я щ1ыхуэхэр виэнщIэу зэкIэлъыкIуэну.

Абы Iэ тредзащ УФ-мрэ Израильмрэ нэгъуэщI кьэралхэр кьуэщI Iуэхуэхэм I э я министрхэм. Арцюхэкlэ я Iыхьлыхэр яIэтыгъуэ, дунеялпIэ кIуэну зи мурадхэр гъэзэгу техьэну зэкIэ мыпIащIэми хуэнущ. Махуэ 90-м кьриубыдэу а зэгурыIуэныгъэр рафтификацэ яIщ1ын хуейщ УФ-м и Кьэрал Думэмрэ Израильм и Кнессетымрэ.

Зэгурыlуэныгъэм I э тридзауэ иужь, Иерусалим кьыщ1ыпсэлъэм Урысейм нэгъуэщI кьэрал I уэхуэхэмкIэ и министр Лавров Сергей кьыIэтащ Вашингтон Косовэ щ1ыналъэм Iэщхэр зэрырагъашэм, Украинэмрэ Курж1ымрэ НАТО-м хьыхьнымкIэ я мурадхэм япыщIа I уэхуэхэр.

Псэухукlэ

Воронеж щ1ахащ Бражников («Матрос») Владимир и бандэ гупыкI хэтахэм тращ1ыхьа судыр. Мы I уэхум зэхуэщIауэ хэпльащ ильэсищкIэ.

Хейщ1акIуэхэм белджылы къащIащ гупым щIэпхьадджагъэ хьэлэу куэд зэрилъжьар. Абы хэтхэм зыри къащ1ыхъуртэкъым щ1ыху яукIыныр. Уеблэмэ, езыхэм ящ1ыщу ягу зэбгъахэри лъэныкъуэ ирагъэшIыр.

Судым бандэм и унафэщI Бражников Владимиргъэ абы и блыгущIэт нэхъ гъунэгъу Некрасов Александррэ тезыгу ятрилъхьащ игъащIэкIэ лъэхъуащ1ым исыну. Адрейхэм хьэпсым щагъэкIуэнущ илъэс 11-м къыщ1ащIэдзауэ 13-м нэс.

ЗэхъуэкIынигъэхэр ядэнукъым

Адыгэм и щ1ыхуэхэм зыкъащIэтащ къэралым и правительствэм къыхилъхьа пенсэ реформэр ямыдэу.

Псом хуэмыдэу зыщIэпщIэуващ Афины къалэм. Мы-арэзыхэм ядэркъым щ1ыхуэхэр пенсэ щ1ыкIуэну пIалъэр нэхъ кIыхь ящ1ыр.

(ИТАР-ТАССЭ).

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 22, *щэбэт*

◆ Илъэс 65-рэ и пкIэ (1943) фашистхэм мафIэ щIалэрэ ягъэщ1 Белоруссиеми и Хабзэм и 25-м кьащта унафэм ипкъ иткIэ ягъэуващ.

◆ Илъэси 100 и пкIэ къалъхьащ совет къхъулъатэзэхуэ, «Челюскин» кьхъулъм исахэр кьэсыгъэлэхэм ящ1ыщ, яп-дыдэу Совет Союзым и П1ыхьжь П1ыр зыфIаща (1934) Ляпидевский Александр.

◆ **Дыгъэр кьащIэжкIынущ сыхьэт 6-рэ дакьикъ 5-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикъ 24-м.**

◆ **Мазэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикъ 20-рэ.**

Гъатхэпэм и 24, *блыщхьэ*

◆ **Жьэм ущ1ыпэ щ1ыпшынмкIэ дунейпсо махуэщ.**

◆ Сербиемрэ Черногориемрэ я кьащIагъэжкIыж НАТО-р Югославием щытеуам хьэкIэхьэр. А хьэкIэкхъуэкIагъэм щ1ыху мамыр мин 1,5-м щIигъэм я гъащIэр ихьащ.

◆ **Дыгъэр кьащIэжкIынущ сыхьэт 6-рэ дакьикъ 3-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикъ 25-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 12-рэ дакьикъ 25-рэ.**

Дыгъэр и щхьэхуэхэмрэр.

ШАЛ Мухьэмэд.

● Политикэ партхэм

Хэхыныгъэхэм кърикIуам хоплъэ

Налшык дэт "Синдикъ" интур-хьэщIэщым дыгъуасэ щекIуэкIащ "Зыуэ щыт Урысей" партым и Iушэ Щ1ыналъэпсо Зэщ1эзыгъэуIуэ Советым и зэIущIэ. Абы хэтащ Щ1ыналъэпсо Зэщ1эзыгъэуIуэ Советым (ЩIЗС) и унафэщI Гальченко Валерийрэ "Зыуэ щыт Урысей" пар тым ЮФО-м щIэ къудамэхэм я лIыкIуэхэмрэ.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ яхэтащ КъБР-м и Парламентым и тхьэмадэ Бечелов Ильяс, КъБР-м и Президентым и Администрацэм и Iуэхущ1 Къажэр Альберт, "Зыуэ щыт Урысей" партым КъБР-м щIэ къудамэм и унафэщI Жэрыкуэ Борис, ЩIЗС-м и унафэщIым и яп-кIуэдэ Панков Николай, Астрахьэм кьалэм и Iэтащхэ Боженов Сергей, Ингуш Республикэм и щ1ыналъэ политикэ Советым и секретарь Амриевэ Марьям, Кьалмыкъым и щ1ыналъэ политикэ Советым и секретарь Ванькаев Батыр. Апхуэдэу зэIущIэм хэтащ Щэшэн, Осетие Ипщэрэ-Аланиер, Дагъыстэн, Кьэрэшей-Шэрджэс республикэхэм, Краснодар, Ставрополь крайхэм я лIыкIуэхэр.

Зэ1ущ1эм щытепсэлъыхьащ Къэрал Думэм и депутатхэр зэрыхахам, УФ-м и Президент хэхыныгъэм ЮФО-м Iэ зэрыщащэта щ1ыкIэм.

- Иужьрей ильэсым партым зэхъуэкIыныгъэ куэд щекIуэкIащ, - жиIащ Гальченкэ Валерий зэIущIэр кьыщ1эзгъуихым. - А псом нэхъ кьыхэщхьэхуэкIыр иджыблагъэ екIуэкIа хэхыныгъэхэм "Зыуэ щыт Урысей" партым текIуэныгъэ я кьэзыгъэхьарщ. Ауэ гу зылъытапхъэщ а партым папщIэ Iэ зыIэтахэм я бжьыгъэр щ1ыналъэхэм зэрэзыщхьэщ1кIыр. Абы и щхьэусыгъуэр зэхэзгъэкIыпхъэщ.

Унафэ ящIащ мы Iуэхум иджыри зэ хэпльэжьын щхьэкIэ мыгувэу етIуанэ конференцри ирагъэкIуэкIыну.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Израильмрэ Палестинымрэ я щ1ыхьэгъэ

Урысейм и Израильмрэ зэгурыIуэ езыхэм я щ1ыхуэ

Лъэпкъ Iущ1гъэ

Гъатхэм умыщIар бжьыхьэм бгъуэтыжьынукъым.

КъБР-м и Президентым и сайтым къагъэхьа упщIэхэм я жэуапхэр

ЩхъуантIагъэхэр фымыутэ!

«Сэ Кулиевым и уэрамым сыщопсэури, жьы зыщIезгъэхуну пщыхьэщхьэм сыкъыщIэкIамэ, слъагъум сегъэпIейтей. Кулиевымрэ Кировымрэ я уэрамхэм я зэхэкIыпIэм хуэзэ лъэс зекIуапIэхэм автомашинэхэр щызожэ, дэнэкIи удзыр щраутыкIащи, уэщх къызэрешхыу псори щэд мэхъу, пхыкIыпIэ умыгъуэтыжу. Къалэ администрацэми ГИБДД-м и лэжьакIуэхэми а мыхъумыщIагъэм гу лъатэркъым. ДыныволъэIу зыгуэркIэ фыкъыддэIэпыкъуну».

ТАУ А.Л., *Налшык къалэ.*

Жэуап кърет Налшык къалэм и Iэтащхьэ **Хьэмгъуокъу Леонид**:

- НАЛШЫК къалэм и ОВД-1-м и ГИБДД-м и лэжьакIуэхэр ди гъусэу дыкIуэри, мы Iуэхум и пэжыпIэр къэтпщытащ. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, Кулиевымрэ Кировымрэ я уэрамхэм я зэхэкIыпIэм хуэзэу автомашинэхэр лъэс зекIуапIэхэмрэ щхъуантIагъэхэр щагъэкI щIыпIэхэмрэ щыщагъэув урохьэлIэ. Налшык къалэм и ОВД-1-м и ГИБДД-м и лэжьакIуэхэм я пщэ итлъхьащ апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэр къамыгъэхъуну, автомобилистхэм хабзэр зэрагъэзащIэм нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъыну. Апхуэдэу, дунейм и щытыкIэр зэтеува нэужь, Кулиевым и уэрамым дэкIуэу бордюрхэр зэрахъуэкIынущ, нэхъ лъагэ ящIынущ, автомашинэхэр щхьэпрымыкIыфын хуэдэу.

Зыхуей псори ягъэхьэзыр

«Кавказ Ищхъэрэм и колледж нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зым - КъБКъУ-м информацэ технологиехэмрэ экономикэмкIэ и колледжым спорт зал иIэкъым, абы къыхэкIыу студентхэр щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм кIуэурэ зыщагъасэ. Мы Iуэхум унафэ тефщIыхьыну дыныволъэIу.»

ГУЗИЕВЭ Зухра, *Налшык къалэ.*

Жэуап кърет КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**:

- И НФОРМАЦЭ технологиемрэ экономикэмкIэ колледжым спорт зал зэримыIэм къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректорым бдэжэнду къыIихащ студентхэм зыщагъасэ хъун «Къэбэрдей» спорт комплексыр. Ар япэ категорием хиубыдэ спорт ухуэныгъэщ, зыгъэпскIыпIэ псыгуэн хэту. Комплексыр бэджэнду яIыгъщ махуэкум сыхьэти 8-рэ дакъикъэ 20-м щегъэжьауэ сыхьэт 16 хъуху, адрей махуэхэм сыхьэти 8-рэ дакъикъэ 20-м щыщIэдзауэ сыхьэт 14 хъуху. Абы Iэмал къет я узыншагъэм тещIыхьауэ къыхаха гупми адрей студент псоми зы сменэу ядэлэжьэну.

Мы комплексыр къыщыхахым егупсысащ къалэ транспортыр зэрылажьэ щIыкIэми: колледжым уикIыу абы укIуэну тыншщ маршрут №11-м, №14-м тет автобусхэмкIэ. Апхуэдэ дыдэу тыншщ къалэм и хьэблэ псоми уикIыну: мыбы йокIуалIэ маршрутхэу 2-р, 6-р, 9-р, 10-р, 15-р, 17-р, 19-р, 21-р, 24-р. Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджырей спорт комплексыщIэ хуащIри, ар яуха нэужь колледжым и студентхэм спортым зыхуагъэсэнымкIэ зыхуей Iэмал псори яIэнущ.

Гъуэгуанэр зыгъэкIэщIхэр ягъэлэжьэнукъым

«Ди хьэблэм фыкъыдэIэпыкъуну сыныволъэIу. Ар къалэ гъунэм хуозэри, транспортымкIэ гугъу йохь. Маршрут №19-м тетхэр ди деж къыдыхьэну я къалэн пэтми, «Стрелкэ» бэзэрым деж щагъэшыж. Абы и зэранкIэ цIыхухэр дакъикъэ 20-30-кIэ автобусым поплъэ. Зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм узекIуэну нэхъ гугъуж мэхъу. Газовэ уэрамыр егъэлеяуэ зэкIэлъымыкIуэщ. Автобусхэм дэс шоферхэм щIэх-щIэхыурэ трактор къащтэри гъуэгур зэтес ирагъэщI, ауэ зэман кIэщIым кърииубыдэу ущызекIуэ мыхъужу мэтIыс».

КЪАЛМЫКЪ С.Ю., *Налшык къалэ.*

Жэуап кърет Налшык къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ **Хьэмгъуокъу Л.Б.**:

- «Севернэ» хьэблэм дыхьэ жылагъуэ транспортым и лэжьэкIэр къапщытащ. Абы къызэригъэлъэгъуамкIэ, маршрут №19-м тет автобус щIыхухэм ящыщу язынықъуэхэм я гъуэгуанэр и кIэм нэс якIуркъым. Шоферхэм апхуэдэ мыхъумыщIагъэхэр къагъэхъуну зэрыхуимытыр гурагъэIуащ. Абыхэм жраIащ маршрутыр къызэпызыудхэр жэуапым зэрырашэлIэнур, уеблэмэ лэжьапIэм зэрыIуагъэкIынур. Мы зэманым жылагъуэ транспортыр нэхъ зэпIэззрыту лажьэу хуежьащ, автобусхэм зэрызекIуэн хуей графикыр ягъэзащIэ. «Севернэ» хьэблэм дыхьэ маршрутхэу 7-м, 9-м, 19-м, 21-м автобус цIыкIуу 85-м нэблагъэ тетщ.

Газовэ, Тепличнэ уэрамхэм я зэблэкIыпIэм хуэзэу мывэ-пшахъуэ пIалъэкIэрэ тракIутэ. ЗэкIэ абдеж асфальт тралъхьэ хъуркъым, щIы щIагъым щIэлъ бжьамийхэр зэрызэкIэлъымыкIуэм, псыр куэдрэ къызэрыпхиудым къыхэкIыу.

Налшык къалэм и администрацэм и нэIэ мы Iуэхум зэпымыууэ тригъэтщ.

Гъатхэпэм и 19-м КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ 2008 гъэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр зэратынумрэ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ екIуэкI «Школ нэхъыфIхэр» зэпеуэм и япэ Iыхьэр зэрызэфIэкIамрэ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, абы и къуэдзэ **Дорохинэ Лидие**, а министерствэм и департаментым и унафэщI **Джаппуевэ Тамарэ**, егъэджэныгъэмкIэ район къудамэхэм я унафэщIхэр, Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр егъэкIуэкIынымкIэ жэуап зыхьэхэр.

Министрым зэIущIэр къызэIуихри, гъатхэпэм и 13-14-хэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр тыным теухуауэ Москва щекIуэкIа зэхыхьэм зи гугъу щащIахэм кIэщIу къытеувыIащ. АдэкIэ а Iуэхум ди республикэм зэрызыщыхуагъэхьэзырым тепсэлъыхьащ Джаппуевэ Тамарэ.

- Илъэс блэкIам Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм хэтар школхэр къэзыуха ныбжьыщIэхэм я процент 33-мэ, мы гъэм абы псори къызэщIиубыдэн хуейуэ щытщ, - жиIащ Джаппуевэм. – Экзаменхэр предметитхукIэ ятын хуейщи, тIур – урысыбзэмрэ математикэмрэ - Iэмал зимыIэщ, адрей щыр еджакIуэхэр зэрыхуейуэ къыхахыжынущ. Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр тыным зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэри игъуэтащ. Апхуэдэу, экзаменхэр зэратамкIэ къратыжа тхылъыр къыкIэлъыкIуэ илъэсым и дыгъэгъазэ мазэм и 31 пщIондэ къэбгъэсэбэп хъунущ; экзаменхэр зэратам Урысейм и нэгъуэщI щIыпIэхэми щыкIэлъыплъынущ; литературэмкIэ экзаменхэр щаткIэ, упщIэ 29-рэ бгъэзащIэмэ балл 45-рэ пхуагъэуву щытамэ, иджы 19-м пэжу жэуап ептмэ, а бжыгъэр къэпхьыфынущ.

АдэкIэ абы и гугъу ищIащ зи узыншагъэр мытэмэм сабийхэм Зыуэ щыт экзаменхэр зэратыну щытыкIэ щхьэхуэхэр къызэрыхузэрагъэпэщынум. Псалъэм папщIэ, абыхэм я щIэныгъэр здынэсыр къызэрапщытэну упщIэхэр нэхъ тыншу зэхэгъэуваувэ щытынущ. Апхуэдэу, экзаменым и хабзэхэр къызэпызыуд ныбжьыщIэхэми ткIийуэ яхущытынущ. Уеблэмэ абы а махуэм экзаменыр ирамыгъэту къыщIагъэкIыжынри хэлъщ, ауэ иужькIэ абы зы Iэмал иIэжынущ а предметымкIэ и щIэныгъэр здынэсыр къигъэлъэгъуэну.

Жэуаплыныгъэ яхэлъмэ...

Лъэпкъ проект

- Дэтхэнэ зыри жэуаплыныгъэшхуэ пылъу мы Iуэхум дыбгъэдыхьэн хуейщ, - жиIащ министрым. – Псом япэрауэ, езы сабийхэми, абыхэм я адэ-анэхэми ягурыгъэIуэн хуейщ мы Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр. Курыт еджапIэр къэзыуха зы ныбжьыщIи уэрамым къызэрыдэмынэным дыхущIэкъун хуейщ.

АдэкIэ Щхьэгъэпсо Сэфарбий къытеувыIащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ школхэм я деж щрагъэкIуэкI зэхьэзэхуэм. «А программэр зыхуэгъэпсар мылъкукIэ школым зыщIэгъэкъуэн къудейм и закъуэкъым, атIэ кадр и лъэныкъуэкIэ ядэIэпыкъунри къызэщIеубыдэ, - жиIащ министрым. - Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, язынықъуэ унафэщIхэм зэпеуэм къахуигъэув къалэнхэр зыхуэдэр тэмэму къагурыIуэркъым, абы къыхэкIыуи я лэжьыгъэр тэмэму яхуэубзыхуркъым».

Мы илъэсым екIуэкIыну зэхьэзэхуэм хэтыну гупыж ящIат еджапIэ 51-м (27-р къуажэ школщ, 24-р къалэ школщ). Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм и къэпщытакIуэ гупыр къагъэхьа документхэм хэплъэри, зэпеуэм и япэ Iыхьэм школихыр хагъэкIащ. Адрей къэна еджапIэ 45-ми иджыри къэпщытэныгъэ ткIий къапэщылъщ. Абыхэм школ нэхъыфIу 25-рэ къыхахынурэ, УФ-м сом мелуан зырыз къахуиутIыпщынущ, апхуэдэу инновационнэ программэхэр жыджэру зи лэжьыгъэм хэзыпщэ еджапIих къагъэнэIуэнурэ, республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мин щитI-щитI хухахынущ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Бахъсэн куей

Нэхъри зрагъэужь

«Бахъсэн-Бройлер» мэкъумэш-промышленнэ предприятэр джэдгъэхъуным елэжьхэм я деж пашэ щыхъуащ.

ПРЕДПРИЯТЭМ къыщагъэсэбэп джэдгъэхъуным теухуауэ дуней псом щызыIэрагъэхьа Iэмалхэр. Ауэ йомыгъэфIэкIуэфын щыIэкъым зэрыжаIэу, предприятэм нэхъри зрагъэужьын мурадкIэ иджыри сом мелуан 350-рэ абы трагъэкIуэдэнущ.

«Бахъсэн-Бройлер» АГ-м и унафэщI Музэфар Мэжид щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэм Iэмал къаритынущ къалэжь джэдылым хуэдиблкIэ, джэдыкIэм хуэдиплIкIэ хагъэхъуэну. А псом къыдэкIуэнущ улахуэр къаIэтыныр, ягъэлажьэ цIыху бжыгъэр 300-кIэ нэхъыбэ хъуныр.

ДЫГЪУЖЬОКЪУЭ Андемыр.

Дыхэтми дысытми дыкъащIэн папщIэ

ЩIэ

Мазэ зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, дунейм къытехьащ «Альбом Кабардино-Балкарии» дискыр. Ди щIыпIэм и тхыдэм, и щIыуэпсым, и щэнхабзэм, и экономикэм ухэзыгъэгъуазэ дискыр ягъэхьэзырат Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ щрикъум ирихьэлIэу. Адыгэ макъамэ щабэр щIэту, нэIуасэ зыхубощIыф зи гугъу тщIа Iуэхугъуэхэр къэзыгъэлъагъуэ сурэтхэмрэ ахэр зищIысыр къыбгурызыгъаIуэ тхыгъэ кIэщIхэмрэ. Альбомым уеплъыфынущ телевизорым пыщIа DVD-кIэ е DVD зыхэт компьютеркIэ.

МЫ ГУПСЫСЭР зейри Iуэхур и кIэм нэзыгъэсари Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием и доцент, химие щIэныгъэхэм я кандидат Жынэ Мухьэмэдщ. Аращ ди упщIэхэр зыхуэгъэзари.

- Сыт мы Iуэхум къежьапIэ хуэхъуар, Мухьэмэд?

- Илъэс зытIущкIэ узэIэбэкIыжмэ, «Унагъуэ альбом» зыфIэтща проектым делэжьауэ щытати, нэхъ Iуэхушхуэми дыпэлъэщыну дыкъигъэгугъэрт. МащIэу и гугъу сщIынут «Унагъуэ альбомыр» зищIысым.

ЗэрытщIэщи, лIэужь зыбжанэ къезыбжэкIыфу, къызытехъукIахэм я сурэтхэр зиIэу щыIэр куэдкъым. Нэхъыбэу къыбжаIэфыр лIэужьиплI-тхум къыщоувыIэ. Ар къызыхэкIыр унагъуэм и тхыдэр зытхыу, лъэпкъым и жыгыр ящIауэ зиIэхэр зэрымащIэрщ. Дискым тетха альбом уиIэмэ, щIэблэм ар зэIэпахыу, цIыхущIэ къахэхъуэм унагъуэ тхыдэм пащэу зэрахьэфынущ. Шэч къытесхьэркъым, нобэ я щIалагъкIэ ар къафIэмыIуэхуми, ныбжь гуэр яIэ зэрыхъуу, си лъабжьэр, си къуэпсыр зыхуэдэр сщIарэт, зэрыжаIэнум.

Апхуэдэ альбом республикэми щхьэ хуэдмыщIрэ жытIэри, Iуэхур къетхьэжьащ. Абы еплъ дэтхэнэми (ар дэ тщыщу е хьэщIэу ирехъу, иресабий е иребалигъ) Къэбэрдей-Балъкъэрым и блэкIамрэ и нобэмрэ кIэщIу, зэщIэкъуауэ зыщигъэгъуэзэфынущ. «Къэбэрдей-Балъкъэр» альбомым слайду 208-рэ «дэлъщ», езым уеплъыным дакъикъэ 47-рэ ехь.

- Уэ уи IэщIагъэкIэ тхыдэм упэжыжьэщ, хэт чэнджэщэгъу пщIар, къыбдэIэпыкъуар?

- Пэжщ, мыр лэжьыгъэшхуэщ, зы цIыху къарукIэ упэлъэщынукъым. Дэ дызыхуейр тхылъ, архив, щIэныгъэ институт, Интернет жыпIэми куэдым къыщытлъыхъуащ. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт КъБР-м и Архив IухущIапIэм, гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым я лэжьакIуэхэм. Я цIэр къисIуэну сыхуейт УФ-м и Жылагъуэ палатэм КъБР-м и лIыкIуэу щыIэ Тау Пщыкъан, гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым и отделым и унафэщI, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Къэжэр Валерэ сымэ.

Лэжьыгъэр сымыух щIыкIэ езгъэплъащ ди университетым щезыгъаджэ си цIыхугъэхэри: профессорхэу Борей Р. А., Эфендиев С. И. тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор Барасбиев М. И., гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ институтым щылажьэхэм ящыщ гуп. Абыхэм чэнджэщ къыдатам, тIэщIэкIауэ гу зылъыдагъэтэжам дызэрелэжьыжам и фIыщIэкIэ проектыр нэщIыса хъуащ.

- Сыт хуэдиз фщIа «Къэбэрдей-Балъкъэр» альбомыр, ар дэнэ къыщащэхуфынур?

- ЩэнхабзэмкIэ министерствэм DVD-м тету 500 къищтэри, ди республикэм нэгъабэ щагъэлъэпIа махуэшхуэм, Урысейм дызэрыгухьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъуам кърихьэлIа хьэщIэхэм фэеплъу иратахэм халъхьащ. Абы къинэмыщIауэ сэ 500 езгъэщIащ компьютеркIэ узэплъыфын CD-м тету.

Бахъсэн районым и администрацэм и унафэщI къалэнхэр зыгъэзащIэ Къаздэхъу Альберт районым ит школхэм къахуищэхуащ, дэри езым текIуадэм и уасэмкIэ еттащ дискхэр.

Проектым елэжьахэр дызыщыщ Исльэмей, Лэшынкъей къуажэхэм, Бахъсэн къалэ дэт ещанэ курыт еджапIэхэм тыгъэ яхуэтщIащ. Къэзыщэхуну хуейхэм ар къыщагъуэтынущ «Къэббалъкътхылъ» тыкуэным, Головко-Ленин уэрамхэм я зэхэкIыпIэм тетым.

- Мухьэмэд, фи Iуэхур гупсысэ къудейуэ къэмынэн щхьэкIэ хэт мылъкумкIэ зыкъыфщIэзыгъэкъуар?

- Мыпхуэдэ проект пщIын щхьэкIэ щIэныгъэ уиIэн, зэман тебгъэкIуэдэн зэрыхуейм къинэмыщIауэ, ахъшэфIи ехь.

Нэгъуэщ Iхэм я гугъу умыщIми, Интернетым куэд токIуадэ. Аращи, мы Iуэхум текIуэдэну мылъкур зи пщэм дэзылъхьэжа Быф Анатолэ - хьэрычэтыщIэм, КъБР-м и Парламентым и депутатым - фIыщIэшхуэ хузощI.

Къыхэзгъэщыну сыхуейт Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Тхьээпльыж Муратрэ щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэмалхэмкIэ министр Тут Заурррэ мыхъуамэ, дискыр къытхудэмыгъэкIынкIи хъуну зэрыщытар.

- Сыт хуэдэ IуэхущIэми гугъуехь куэд пыщIащ. Уи гур зэщыуа хьэмэрэ иджыри абы зэрыпыпщэнум уегупсысрэ?

- Мы зэманым солэжь «Адыгэхэр» проектым. Ари DVD дискым тетха альбомщ. Iуэхур зытещIыхьар хэкум, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу ди щIэблэр лъэпкъым и тхыдэм, щIэнгъуазэм, ди щIыпIэ дахэхэм, ди цIыху цIэрыIуэхэм, нэгъуэщI куэдми хэдгъэгъуэзэнырщ. Лэжьыгъэр и кIэм нос. Ар зэфIэдгъэкIыну догугъэ мы гъэм и бжьыхьэм, Къэнжал зауэр зэриухрэ илъэс 300 щрикъум ирихьэлIэу.

ИужькIэ къытезгъэзэжу «Къэбэрдей-Балъкъэр» проектым селэжьыну, езгъэфIэкIуэну, урысыбзэрэ инджылызыбзэрэкIэ къыдэзгъэкIыжыну си мурадщ. Си гугъэщ абы щIэупщIэ иIэну. Ди республикэм и экономикэм зеужьыж. КъБР-м и унафэщIхэр урысейпсо, дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм макIуэ, ди экономикэм зезыгъэужьыфыну инвесторхэм йопсалъэ. Абыхэм ди щIыналъэр зыхуэдэр я нэгу IупщIу къыщIигъэувэн хуэдэу, лъэныкъуэ куэд альбомым къызэщIыдогъэубыдэ.

Мыр зэрылэжьыгъэшхуэм шэч хэлъкъым. ЩIалэгъуалэм, тхылъым нэхърэ телевиденэмрэ компьютетымрэ нэхъ къыщыхаха зэманым, щIэныгъэр мыпхуэдэ щIыкIэкIэ ябгъэдэплъхьэныр IэмалыфIщ.

Епсэлъар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

Спорт хъыбархэр

Футбол

Сом 5000 и уасэ хьэ

ФутболымкIэ Урысей премьер-лигэм и япэ джэгугъуэр зэрекIуэкIам хэплъэжа нэужь, КъэпщытакIуэ-дисциплинарнэ комитетым командэ зыбжанэм къуэды зэхуэмыдэхэр ятрилъхьащ. Абыхэм ящыщщ «Спартак-Налшыкри».

ЩЭБЭТ кIуам «Спартак-Налшык» - «Сатурн» зэIущIэр щекIуэкIым, джэгупIэ губгъуэм къилъэда хьэм налшыкдэсхэм лей къатригъэхьащ. Абы джэгур къызэрызэпиудам щхьэкIэ, КъэпщытакIуэ-дисциплинарнэ комитетым ди командэм къуэдыуэ сом минитху къытрилъхьащ.

«АдыгэлIым» тыгъэ хуащI

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и топджэгу командэ нэхъыщхьэм и капитан Джудович Миодраг футболеплъхэм ягу зэрырихьрэ куэд щIащ.

АБЫ ЩЫХЬЭТ тохъуэ 2007 гъэ джэгугъуэм абыхэм ягъэхьэзырауэ щыта «Джудэ - адыгэлI» баннерыр. АдыгэлIым къамэ имыIэу хъурэ? Ар къалъытэри, ди командэм «Сатурным» текIуэныгъэ къыфIихьа нэужь, топджэгун дихьэххэм «адыгэлIым» къамэ тыгъэ хуащIащ. Дыщыгъынщ абы капитаным и лъэр нэхъ жаныж ищIыну, ди командэм ехъулIэныгъэ куэд къыхуихьыну.

IэпщэрыбанэI

Ди щIалэхэм я ехъулIэныгъэ

Иджыблагъэ Сочи щекIуэкIащ Iэпщэрыбанэ спортымкIэ ныбжьыщIэхэм я чемпионат зэIуха. Абы щыбэнащ Ипщэ Федерал щIыналъэм и спортсмен нэхъыфIхэр. Ди республикэм икIа ныбжьыщIэхэм псори зэгъусэу медаль 17 къахьащ.

ЩЫБЭНА гупхэм къапэлъэщын къахэкIакъым Хьэгъэжей Аслъэн (кг 80), ДыщэкI Амир (кг 65-рэ), Къущхьэ СулътIан (кг 65-рэ), Тыгъуэн Аззмэт (кг 40) сымэ. ЩIалэхэр егъасэ Бейтыгъуэн Аслъэн.

Гериев Хъусен и гъэсэнхэм ящыщу япэ увыпIэхэр къахьащ Мокаев Кямран (кг 75-рэ), Туменов Альберт (кг 70), Гериев Руслан (кг 60) сымэ.

Атлетикэ хьэлъэ

Спортым и мастер Гъурф Амир

Тырныауз дэт «Геолог» спорт комплексым щекIуэкIащ атлетикэ хьэлъэмкIэ Ипщэ Федерал щIыналъэм и чемпионат. Зэхьэзэхуэм хэтащ спортсмени 150-рэ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и командэ къыхэхам хэту чемпионатым щыбэнэну Iэмал ягъуэтакъым ди щIалэ нэхъ лъэрызехьэхэм. Къэралым и Олимп гуп къыхэхам хагъэхьэну зыкIэлъыплъхэм мы махуэхэм зыгъэсэныгъэ щхьэхуэхэр ирагъэкIуэкI. Абы щхьэкIэ къэмынэу, ди спортсменхэм зэфIэкI хьарзынэхэр зыIэрагъэхьащ.

Саракаев Расулрэ Ахаев Жэбагъырэ я фIыгъэкIэ, цIыхухъухэм я гуп зэхьэзэхуэхэм ди республикэм и командэм япэ увыпIэр къыщихьащ. ЩIалэхэм УФ-м мастерымкIэ и спортым и нормативыр ягъэзэщIащ икIи къэралым и чемпионатым хэтынущ.

Жэз медалхэр къахьащ Созаев Мурат, Шамилов Айнди, Гъурф Амир сымэ. Амиррэ Айндирэ спортым и мастер цIэр къыфIащащ.

МЭЗКУУ Къанщобий.

Зэгухьэныгъэхэр

Зрагъэужьын мурадкIэ

Бгылъэ, жьэгъущIэс щIыпIэхэм жыг хадэхэр щыгъэкIынымкIэ Кавказ Ищхъэрэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и хэщIапIэм иджыблагъэ щекIуэкIащ "Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЖыггъэкIхэм я союз" республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ къызэгъэпэщыным теухуа зэIущIэ.

АБЫ ХЭТАЩ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Чеченов Ануар**, мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкIэ министр **Ерчэн Темболэт**, республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмрэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ и Комитетым и унафэщI **Несутулов Виктор**, бгылъэ, жьэгъущIэс щIыпIэхэм жыг хадэхэр щыгъэкIынымкIэ институтым и унафэщI **Бэрбэч Владимир**, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и унафэщI **Мэремыкъуэ Арсен**, нэгъуэщIхэри.

ЖыггъэкIхэм я Налшык къалэ Советым и президиумым и унафэщI **Бирин Олег** и докладым къызэрыщигъэлъэгъуамкIэ, мы зэманым ди республикэм щыIэщ жыг хадэм елэжь зэгухьэныгъэу 132-рэ. Абыхэм хыхьэ унагъуэ 38504-м яIыгъщ щIыуэ гектар 2831-рэ.

«Жыг зыгъэкIхэм, хадэ зыщIэхэм, коммерцэу щымыт дачэ зэгухьэныгъэхэм нэгъабэ кърахьэлIэжащ пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэу тонн мин 21,6-рэ, кIэртIофу тонн мин 29,4-рэ, хадэхэкIыу тонн мин 11, 7-рэ.

Дачэ зезыхьэу къалэхэм щыпсэухэм ящыщ куэдыр пенсэм щысщ, хуэщIауэ яхэтри мащIэщ. Абыхэм я дежкIэ хадэхэр щIэгъэкъуэнышхуэщ. Пхъэщхьэмыщхьэ, хадэхэкI зэмылIэужьыгъуэхэр къахуэ кърахым и мызакъуэу, езыхэми хьарзынэу зыщагъэпсэху, я щIэблэр лэжьыгъэм щыщIапIыкI, дыкъэзыухъуреихь дунейм и дахагъэр хьумэн, гъэбэгъуэн зэрыхуейр зыщыхрагъащIэ. Аращ хадэ къеIызыхыну хуейхэм я бжыгъэм щIыхэхъуэр. Иджыпсту налшыкдэс мини 4-м щIигъу чэзум щытщ,"- жиIащ къэпсэлъам.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, жыггъэкIхэм я зэгухьэныгъэхэр здэщыIэ щIыпIэхэр зэIузэпщ щIыным, тэмэму зехьэным ахэр къыщызэрагъэпэща предприятэхэмрэ организацэхэмрэ нэхъапэхэм гулъытэ хэха щыхуащIырт. Иджы апхуэдэ щыIэжкъым. Потребкооперацэм и IэнатIэхэр хьарзынэу ядэIэпыкъурт: зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм тету жылапхъэхэмкIэ, гъэтIысыпхъэ хьэзырхэмкIэ, щIыгъэпшэрхэмкIэ, удзыжьхэм, узыфэхэм зэребэн хущхъуэхэмкIэ къызэрагъэпэщырт.

"Уней, жылагъуэ мылъкур зэрызэхадыгъуэм хуабжьу дегъэпIейтей. Ток кIапсэхэр, трансформаторхэр зэхафыщIэ, дачэ унэ цIыкIухэр Iисраф ящI. ЖыггъэкI зэгухьэныгъэхэм я мылъку зэхэлъым щыщхэр зыхуэфащэ организацэхэм иратыфынут, мылъкукIэ зыпэмылъэщ гугъуехьхэр зыщхьэщахын, объектхэр (ЛЭП-хэр, подстанцхэр) ирагъэхъумэн папщIэ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, дызэхахыркъым,"- жиIащ абы.

Апхуэдэу Бирин Олег къытеувыIащ жыггъэкIхэм я зэгухьэныгъэхэм я Iуэхущ Iафэм хэлъ щыщIэныгъэхэми. Псалъэм папщIэ, взносхэр къыхах къудеймэ, лэжьыгъэ псори зэфIэкIауэ къэзылъытэхэр щыIэщ, зэгухьэныгъэхэм я мылъкур щхьэзыфIэфIу къыщагъэсэбэп къохъу.

"Дачэ амнистие" зыфIаща 93-нэ федерал законыр ди республикэм зэрыщагъэзащIэм арэзы дыкъищIыркъым. Лэжьыгъэр елъахъэ а Iуэхум зэIумыбз куэд зэрыхэлъым.

ЩыIэ гугъуехьхэм щхьэкIэ къэмынэу, щIыпIэ администрацэхэм тэмэму ядэлажьэ зэгухьэныгъэхэм дэIэпыкъуныгъэ хьарзынэ ягъуэт, абыхэм зэрызаужьыным теухуа унафэ щхьэхуэхэр къащтэ,"- къигъэлъэгъуащ Бирин Олег.

Докладым дыщIагъужу зэIущIэм къыщыпсэлъащ "Спутник" (Налшык къ.), "Осина" (Шэджэм р-н), "Бахъсэн-1", "Конструктор" (Аруан р-н) зэгухьэныгъэхэм я правленэхэм я унафэщIхэу **КъуэщIысокъуэ Мурид, Яйковскэ Ростислав, Лавриненкэ Аллэ, Лактионовэ Валентинэ** сымэ.

Чеченов Ануаррэ Ерчэн Темболэтрэ жаIахэм щIэдэIури, зэхыхьэм къыщызэрагъэпэщащ "Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЖыггъэкIхэм я союз" республикэ жылагъуэ организацэ.

Абы и унафэщIу зэдэарэзыуэ хахащ Бирин Олег.

УЭРЭЗЕЙ Рашид.

Шэрэдж куей

Куэдым щапхъэ яхуэхъуахэр

ШЭРЭДЖ куейм хыхьэ Балъкъэр Ипщэ къуажэм дэт 2-нэ курыт еджапIэм щекIуэкIащ «Унагъуэм и илъэсым» епха зэхыхьэ. Къуажэ администрацэм къызэригъэпэща зэIущIэм ирагъэблэгъащ бынибл е нэхъыбэ зыпIа унагъуэ 50. Къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ Шэрэдж куей администрацэм и Iэтащхьэ Темиржанов Махты, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Ульбашев Азнор, пщIэ зыхуащI къуажэдэс нэхъыжьхэр. Ахэр тепсэлъыхьащ къэралыр лъэ быдэкIэ увын папщIэ унагъуэм иIэ мыхьэнэр зэрыгъунапкъэншэм, унагъуэ тэмэм цIыхум яухуэным къежьапIэ хуэхъу Iуэхугъуэхэм, унагъуэ зыухуэ ныбжьыщIэхэм ягъуэтын хуей гулъытэм. Кърагъэблэгъахэм ящыщт Темукуевхэ Ахъмэтрэ Iэсиятрэ, Эндреевхэ Мазанрэ Фазийрэ, Гадиевхэ Мутайрэ Бабынэрэ. Мыбыхэм щыщ дэтхэнэми быни 7-8 зэдапIащ, бынхэм я быныжхэу 18-20 яIэщ. Унагъуэм и илъэсыр зыгъэбжыфIэхэм я пащхьэ усэхэм къыщеджащ, езыхэм къадэгъуэгурыкIуа уэрэдхэм щIагъэдэIуащ. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ унагъуэхэр кIуэ пэтми мащIэ щIэхъум и щхьэусыгъуэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Гъатхэпэм и 28-р Балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэм и махуэщ

Сурэтхэм щыволъагъу Ленин, СССР-м, Урысей Федерацэм я саугъэтхэм я лауреат, балъкъэр усакIуэшхуэ Кулиев Къайсын и ныбжьэгъухэр и гъусэу. Япэм къегъэлъагъуэ абы и унэм Гамзатов Расулрэ КIыщокъуэ Алимрэ къызэреблэгъар, етIуанэм - Къайсынрэ Алимрэ Москва ирегъажьэ тхакIуэ Журт Биберд.

Сурэтхэр 1967, 1968 гъэхэм трахащ.

Щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ

Сурэт цIэрыIуэр

Рафаэль и «Святое семейство» е «Мадонна дель Пополо» сурэт цIэрыIуэр Екатеринбург и гъуазджэ галереем щагъэлъагъуэ.

XVI ЛIЭЩIЫГЪУЭМ ящIа сурэт телъыджэр илъэс куэдкIэ яфIэкIуэдауэ щытащ. 1924 гъэм ар зэрымыщIэкIэ къыщагъуэтыжат Нижний Тагил дэт унэжь дыдэхэм ящыщ зым и унащхьэм. «Сурэтыр хуабжьу Iисраф хъуат. Рафаэль и Iэр щIэдзауэ щыт пэтми, щIэныгъэлIхэр абы елIэлIэн хуей хъуащ и пэжыпIэр яубзыхун папщIэ. Илъэсищ елэжьа иужь, лэжьыгъэр пэж дыдэу «Мадонна дель Пополо» сурэтыр арауэ зэрыщытыр къиутащ искусствовед цIэрыIуэ Грабарь Игорь», - жеIэ Екатеринбург и гъуазджэ галереем и унафэщI Хотиновэ Екатеринэ.

Сурэтыр къагъэщIэрэщIэжа иужь, ар зыбжанэрэ Урал и музейхэм утыку къыщрахьащ, ауэ иджыщ живописым дихьэх екатеринбургдэсхэм ар щалъагъур. Лэжьыгъэ цIэрыIуэм и гъусэу галереем щагъэлъагъуэ сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я IэдакъэщIэкIхэри.

Сухово-Кобылин и пьесэмкIэ

Ершов П. и цIэр зезыхьэ Тобольск драмэ театрым япэу щагъэлъэгъуащ Сухово-Кобылин и «Iуэху» пьесэм къытращIыкIа спектаклыр. Ар игъэуващ режиссер Поляков Михаил.

СУХОВО-КОБЫЛИН и трилогиер зэрыщыту тIэу ягъэлъэгъуауэ аращ: 1917 гъэм Мейерхольд Всеволод игъэувауэ, иужьыIуэкIэ Белякович Валерий и лэжьыгъэу. Иджы Поляков игъэува спектаклыр нэгъабэ игъэлъэгъуа «Кречинский» спектаклым къыпызыщэщ. ЕтIанэгъэ трилогием и иужьрей Iыхьэм, «Тарелкин и лIэкIэр» жыхуиIэм, зрипщытыну и мурадщ.

Доллар мелуан 30-кIэ

Ван Гог Винсент и «Апельсин зыIыгъ сабийр» сурэтыр Нидерландхэм щекIуэкIыну Европей жармыкIэм утыку къыщрахьэнущ.

СУРЭТЫЩI цIэрыIуэм зиукIыжыным тхьэмахуэ зытIущ фIэкIа къэмынауэ ищIа лэжьыгъэр, щIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, доллар мелуан 30 хуэдизкIэ яхуэщэнущ.

«Апельсин зыIыгъ сабийр» лэжьыгъэр Ван Гог и адрей сурэтхэм къащхьэщокI - нэхъ нэжэгужэщ. Абы къыщыгъэлъэгъуар франджы къуажэ цIыкIум дэс пхъащIэм илъэситI зи ныбжь и къуэ цIыкIурщ. СурэтыщI цIэрыIуэм и иужьрей мазэхэр щигъэкIуар а щIыпIэрт.

Зэхуэзыхьэсар **ИСТЕПАН Залинэщ.**

● Нобэ Псым и дунейпсо махуэщ

Тхъумэн диIэт, ауэ...

Дызытет ЩIым и щIыгум и процент 75-р псыщ. А бжыгъэм хеубыдэ хыхэри, тенджызхэри, псы ежэххэри, гуэлхэри, псыпцIэхэри, уэшхыпсри, щIы щIагъым щIэт псыри. ГъэщIэгъуэнракъэ, а процент бжыгъэм хуэдиз дыдэ псы цIыхум и Iэпкълъэпкъым хэтщ.

“СЫТ ХУЭДЭУ псыр бэуэ димыIами, ди жагъуэ зэрыхъунщи, цIыху зы мелард хуэдизыр узыншагъэмкIэ шынагъуэ псыщ зэфэр. Уеблэмэ, цIыху меларди 2,4-м яхуэзэфIэкIыркъым ар ягъэкъэбзэну. Илъэс къэс сабий мелуани 3,4-рэ дунейм йохыж, псы фIейм къыхаха узхэм йолIыкIыри. Псым псэ къытхелъхьэ, ауэ щытIихыжи къохъу” - щагъэбелджылат Брюссель щекIуэкIауэ щыта пресс-конференцым. Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и унафэщI Гро Харлем Брутланд абы щыжиIащ псыр зэрагъэкъабзэ, къызэрыгуэкI Iэмалхэр зэрыщыIэр. Абы зи гугъу ищIыр псыр щIэгъэтIысыкIын, къэгъэкъуэлъэн, хлоркIэ гъэкъэбзэн зэрыхуейрат.

ЩIэныгъэмрэ техникэмкIэ ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм япкъ иткIэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэ “къызэрыгуэкI Iэмалхэр” сэбэп хъункIэ гугъэ щыIэкъым, апхуэдизкIэ дызэфэ псыр фIей хъуащи.

Аращ къызыхэкIар ООН-м щIыуэпсыр хъумэнымкIэ и къудамэм къызэригъэпэща конференц Рио-де-Жанейрэ щрагъэкIуэкIыу, гъатхэпэм и 22-р Псым и дунейпсо махуэу ягъэувыныр.

НобэкIэ щIэныгъэм лъэбакъуэшхуэ ичащ цIыху мелуан бжыгъэ куэд зыгъэпIейтей Iуэхугъуэм и лъэныкъуэкIэ - псыр зэрагъэкъабзэ щIыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къэунэхуащ. Абыхэм ящыщу псом нэхърэ нэхъыфIу къалъытэр фIагъ зиIэ фильтрхэрщ, озонырщ, ИК-бзийм и къаруращ. Къыхэгъэщыпхъэщ озоныр атмосферэм фIэкIа къызэрыщымыхъур икIи щIылъэм ар къыщыпхутэн папщIэ Iуэхугъуэ гугъу куэд егъэкIуэкIын зэрыхуейр. Псыр озонкIэ гъэкъэбзэным мылъкушхуэ токIуадэ икIи къэралым и экономикэм хэщIыныгъэшхуэ ирет.

2005 гъэм Германием ИК-бзийхэмкIэ псыр зэрагъэкъабзэ Iэмэпсымэ щащIащ. ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, мы Iэмалым нэхъыфIи нэхъ пуди щыIэкъым, ауэ, и зэпкърылъыкIэм и гугъуагъым къыхэкIыу, зэманышхуэ текIуэдэнущ къэрал псори абыкIэ къызэгъэпэщыным.

Къэнэжыр фильтрхэращи, иджыпсту ахэр нэхъ зыIэрыгъэхьэгъуафIэщ. ЦIыхум и Iэпкълъэпкъым шыгъу лейуэ хэлъыр къызыхэкIыр псыращи, узыншагъэр хъумэнымкIэ, узыфэ куэдым пэIэщIэ защыщIынымкIэ псыр зэрагъэкъабзэ фильтрхэр дэтхэнэ унагъуэми итыныр щхьэпэщ.

Псыр тхъумэну зэфIэкI хъарзынэхэр щыдиIэ, ауэ иджы хуэдэу абы дыщыхуэмысакъ зэман зэи къэхъуагъэнкъым.. Сыту жыпIэмэ куэншыбри, кIэрыхубжьэрыхури, тхьэщIэпсри, жыщIэпсри хыдокIэ. Абы къыщынэмыщIа, цIыхум и зэранкIэ хым е тенджызым щIыдагъэр холъадэ. Абы псыр фIей зэрищIым и мызакъуэу, бдзэжьейхэмрэ псым хэс псэущхьэхэмрэ куэду зэтрегъалIэ. Апхуэдэ щапхъэм дынэмысуи, ди республикэр къэтщтэнщ. Псалъэм и хъэтыркIэ, Тэрч псым Беслъэн къалэм и деж къукIэ фIей куэд къыщыхакIэ, апхуэдэщ Бахъсэныпсри, Балъкъи. Ахэр егъэлеяуэ кIэрыхубжьэрыхукIэ гъэнщIащ.

НтIэ, дызытет ЩIым и процент 75-м (псы къудейм!) цIыхуцIэ зиIэм «зэрызиужьым» зэранышхуэ щекIкIэ, зэгуэр абы къызэщIиубыдэ щIыпIэ “гъунэншэр” куэншыб идзыпIэ хъунущ. Апхуэдэ къэмыхъун папщIэ, къэнэжыр щIыуэпсым дыркъуэ езыхыр, ар зыуфIейр жэуаптыпIэм ешэлIэн, тезыр телъхьэнырщ.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

Тэрчыпсым усэ, уэрэд куэд хуатхащ.

Псэр псым хэлъщ

●Публицистым и псалъэ

Тхыгъэм и псалъащхьэу къыхэтха псалъэхэм я мыхьэнэр зэрыпэжыр щIэныгъэлIхэм я иужьрей къэхутэныгъэхэм уи фIэщ ящIри, укъегъэуIэбжьыж, уегъэшынэ, мы дунейр къызэрыунэхурэ цIыхум къигъэсэбэп псы къызэрыгуэкIым щэхуу хэлъыр зыхуэдизыр акъылым къимытIэсэ ж мэхъури. Псым зэрихьэ щэхухэм щыщу зы мэскъалщ къызэкъуахар щIэныгъэлIхэм, ауэ а зы мащIэри ирокъу дунейр къызэрыунэхуа щыкIэр къыбгурыIуэн папщIэ. Сыт зищIысыр зэпымыууэ ди гъащIэ псокIэ къэдгъэсэбэп псыр? Дэнэ ар къыздикIар? Хэт икIи сыт щхьэкIэ къихьа ар щIэи гъуни зимыIэ хьэршым гъащIэ щызыхъумэ ди щIы закъуэм? А упщIэхэм я жэуапыр псом нэхърэ нэхъыфIу зыщIэр езы псыра?

Шэджэм псыкъефэхэр.

ПСЫМ ТЕУХУАУЭ тхыгъэ, телевизионнэ нэтын зыбжанэм щыжаIар щызэхуэтхьэсыжащ фи пащхьэ итлъхьэм. Аращи...

“Дунейм теткъым псым нэхърэ нэхъ щабэрэ нэхъ къэгъэIурыщIэгъуафIэрэ, итIани абы нэхъ быдэу щыIэр зэтрегъэщэхэф, щIелъэсыкIыф. Псым и къарум зыри пэлъэщкъым, дэтхэнэри абы текIуэфыну пэтми.

- ЩIэныгъэлIхэм псым и щытыкIэр куууэ яджащ. Иджы псоми дощIэ абы физическэ, химическэ щытыкIэ къызэрымыкIуэхэр зэриIэр: адрей хьэпшып тхIуаткIуэхэм ейм абы и щытыкIэхэр зыкIи ещхькъым, - жеIэ Швейцариемрэ США-мрэ я щIэныгъэлI, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща Вютрих Курт.

- Ауэ щIэныгъэлIхэм къытхэткъым щыщIыIэм деж псым и плотностыр нэхъ ин хъууэ, щыхуабэм деж, ар нэхъ цIыкIу щIэхъур къызыгурыIуэ, - пещэ абы и гупсысэм Австрием и щIэныгъэлI Грубер Аллоис.

Пэжуи, сыт хуэдэ хьэпшыпми щыщIыIэм деж зызэхуешэ, псым и закъуэщ мыл хъуамэ, зэрытым имыхуэжыр. А щытыкIэр ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхухэм къагъэсэбэп. Сыбырым щыпсэу лъэпкъхэм мывэ дзакIэшхуэхэр бгым къыгуагъэхут, абы зэгуэтхъауэ иIэ щIыпIэхэм псы дагъэщтыхьурэ. Адыгэхэм ноби шэмэджыр мэкъуауэгъуэм щыхуагъэхьэзыркIэ, абы и пхъэ хьэлэр псыкIэ дагъэбэгыхь. Апхуэдэу, пхъэр мывэ зэхуакухэм дагъэбэгыхьурэ, ухуэныгъэм халъхьэну мывэхэр бгым къыгуагъэхуу щытащ. И щытыкIэм елъытауэ псым давленэшхуэ къигъэ хъуфынущ. Псалъэм папщIэ, гуэдзым е нэгъуэщI къэкIыгъэ гуэрым и жылэр къыщикIыкIкIэ, ар щIым къыщыхэкIым деж, атмосферэ 400-м нэс къаруууэ хэлъу щIым къоIэ. Аращ абы асфальтри тыншу къыщIыпхитхъыфыр. ИкIи апхуэдиз давленэр къэзыгъэхъуфыр жылэм хэт псы мащIэ тIэкIуращ.

Инджылызым и щIэныгъэлI Чаплин Мартин, Урысейм и щIэныгъэлI цIэрыIуэхэу Александр Солодилов, Воейков Владимир сымэ, нэгъуэщI цIыху еджагъэшхуэ куэдым къызэрахутамкIэ, псыр молекулэ цIыкIу куэду зэхэтщ икIи а мэскъалхэм я зэхэлъыкIэм хуэдэ зиIэ дунейм щыIэкъым.

- Псым и молекулэхэм щыщу зыр нэхъ мыхъуми щымыIатэмэ, ди щIым гъащIэ къыщыунэхунутэкъым, - жеIэ РАЕН-м и член-корреспондент, доктор Солодилов Александр.

Псым и сыт хуэдэ щытыкIэри телъыджэщ. А зыращ тхIуаткIуэу (жидкэу), быдэу (твердэу), гъуэзу (газообразнэу) - щытыкIищ зэхуэмыдэм итыфу дунейм тетыр. Абы щIэгупсыса нэужькIэщ щIэныгъэлIхэм ехъулIэныгъэшхуэ щагъуэтар: псым теухуауэ зыри зэрамыщIэр абыхэм къагурыIуащ. Ар къагурыIуэри, псыр зищIысыр зэхагъэкIыу зыубгъуауэ лэжьэн щIадзащ.

ЩIэныгъэлIхэр псым щышынэ щыхъуар лIэщIыгъуэ кIуам и 60 гъэхэращ. 1956 гъэм Азием щыIэ къэралхэм ящыщ зым и зауэлI щIэныгъэлIхэм зэIущIэ щэху ирагъэкIуэкIырт. Ахэр тепсэлъыхьт илъэс куэд щIауэ зэлэжь бактериологическэ Iэщэ лъэрызехьэ зэпкърылъхьа зэрыхъунум, абы къаруууэ хэлъын хуейм, ар сыт хуэдизкIэ шынагъуэу щытынуми. А Iуэху шынагъуэ псом тепсэлъыхьу ахэр зэхэсащ сыхьэт куэдкIэ. Иджыри зэхэсынут а пэшым щIэсахэр псори госпиталым яшэн хуей мыхъуамэ. ЩIэныгъэлIхэр сымаджэ ищIат псоми зэхуэдэу яIухуа щхъухьым. АрщхьэкIэ, зэIущIэр щекIуэкIым, абыхэм зыри ирагъэшхатэкъым. Зыри яIухуатэкъым... я стIолхэм тета псым фIэкIа... А псым и химическэ зэхэлъыкIэр къапщытэри... къабзэу, H_2O къызэрыгуэкIыу къыщIэкIащ. Я отчетхэм иратхари аращ: “ЗэIущIэм хэтахэм я узыншагъэм емызэгъар псы къызэрыгуэкIращ.”

А къэхъуар зыхуахьынур ямыщIэурэ илъэс 20 дэкIа нэужьщ щыхуагъэфэщар псым илъагъу, зэхих псори «игу» ириубыдэу. Ар сыт хуэдизкIэ пэжми зэхагъэкIыу, къэрал нэхъ зызыужьа псоми я щIэныгъэлIхэм псым и къэпщытэныгъэ пыухыкIахэр ирагъэкIуэкIыу щIадзащ икIи пIалъэ кIэщIым наIуэ хъуащ и хъуреягъкIэ къыщыхъу псори псым, видеомагнитофоным ещхьу, зэритхыр. Псыр хьэпшып гуэрым лъэIэсын хуейуэ аркъудейщ, ар зищIысыр, а хьэпшыпым и химическэ, физическэ зэхэлъыкIэр зэхигъэкIыу игу ириубыдэн папщIэ. Щыгъуазэу пIэрэт абы пасэрей цIыхухэр, псыр дыжьыным къыхэщIыкIа хьэкъущыкъум иракIэурэ хущхъуэу къыщагъэсэбэпым.

- НобэкIэ ящI антибиотик псоми апхуэдэ псым нэхърэ нэхъ лъэрызехьэ яхэткъым. Дыжьын хьэкъущыкъу ита псыр апхуэдизкIэ антибиотик лъэщщи, Афганистанми Иракми къыщауIа американ сэлэтхэм апхуэдэ псыкIэ йоIэзэ. УIэгъэм хищIа микроб псори а псым и зы атом закъуэм хуоукI. США-м и Президентым дыжьын псыкIэ и Iэр етхьэщI, микробхэр иукIын папщIэ. А псоми зы упщIэм ухуашэ: а псы лъэрызехьэр щыIэным щхьэусыгъуэ хуэхъур сыт? - жеIэ псым теухуа документальнэ фильм куэд тезыха, США-м и щIэныгъэлI, Пенсильванскэ университетым и профессор Рустум Рой.

ИхъуреягъкIэ щилъагъу псор игу щриубыдэкIэ, псым и зэхэлъыкIэм зехъуэж, ауэ и химическэ зэхэлъыкIэр зэрыщытауэ къонэ.

- Псым теухуа къэхутэныгъэм щIэныгъэлIхэм я дежкIэ нэхъыщхьэу хэлъар абы и химическэ зэхэлъыкIэращ. Иджы дуней псом и еджагъэшхуэхэр дыкъигъэуIэбжыжу наIуэ хъуащ псым и химическэ зэхэлъыкIэр зыри зэримыщIысыр. Нэхъыщхьэр абы и молекулэхэр зэрызэхэлъ щIыкIэращ, - жеIэ Рустум Рой.

Псым и молекулэхэр гуп-гупу зэхэгъэщхьэхукIауэ зэхэлъщ. А гупхэм кластер щIэныгъэлIхэм фIащащ икIи хуагъэфэщащ псым и гурыхуагъыр зыхэлъ ячейкэхэр абыхэм яхъумэу. А ячейкэхэращ, магнитофон лентIым ещхьу, зэхих, илъагъу, зыхищIэ псори псым зытритхэр.

ЦIыхухэм ягу къэкIыххэкъым уэздыгъэр щIагъанэкIэ е ягъэункIыфIкIэ, псым и зэхэлъыкIэм зихъуэжу, ауэ ар нэгъуэщI мэхъу. Нобэ щыIэ технологием и сыт хуэдэ Iэмалри лъэIэсыху, псым нэгъуэщI щытыкIэ егъуэт. Псалъэм папщIэ, электрокъарум и губгъуэм, вольт лъагэм и линием лъэIэсмэ, псым игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэм укъагъэуIэбжь. Дауи, абы щыгъуэми, ар псы къызэрыгуэкIыу къонэж. Ауэ абы и молекулэхэм я структурэр, цIыху псантхуэм ещхьу, зыгъэпIейтей псоми поджэж. ЩIэныгъэлIхэм я иджырей Iэмэпсымэ лъэрызехьэхэм IупщIу къагъэлъэгъуащ псым и гурыхуагъэ ячейкэ къэсыхункIэ информацэр щихъумэ панель щхьэхуэу мин 440-рэ зэриIэр. Абыхэм ящыщу дэтхэнэми жэуап ехь илъагъум щыщу итхын хуей информацэ лIэужьыгъуэмкIэ. ИкIи информацэр зыхуэдэм (и гуапагъэм, и Iейм, и химическэ, биологическэ зэхэлъыкIэм, н.къ.) елъытауэ, зэхэгъэщхьэхукIауэ а панелхэм псым третхэ.

- Кластерыр гуп щхьэхуэу зэрыубыда молекулэхэмкIэ зэхэту къапщтэмэ, абы и гъащIэр кIыхькъым, ауэ кластеру зэрыубыда молекулэ гупым зыр хэIэпхъукIыу, нэгъуэщI молекулэр къахыхьэми хъуну къэплъытэмэ, абы гъащIэ кIыхь дыдэ иIэу къыщIокI, - жеIэ Великобританием и щIэныгъэлI, Лондон щыIэ университетым и лабораторэхэм щыщ зым и унафэщI Чаплин Мартин.

Псым информацэр зэритхыр икIи зэрихъумэр зэрыпэжым и щыхьэт хъуар кластерхэм я молекулэхэм Iэпхъуэшапхъуэ куэд къазэрыхэмыкIращ.

- ДызэреплъымкIэ, псыр абы хуэдэн щымыIэу компьютер телъыджэщ. Компьютерым зыгуэркIэ ещхьу, абыи информацэр игу иреубыдэ. ИкIи а Iуэхур псым зэрилэжь щIыкIэм псори дыщыгъуазэу щытын хуейщ. Апхуэдизу дызэсэжа псыр алыфбийм хуэдэу мэлажьэ. Ауэ, сэ алыфбийр фэст щхьэкIэ, хьэрфхэр фымыцIыхумэ, псалъэхэр, псалъэухахэр фхузэхэмыгъэувэмэ, абы мыхьэнэшхуэ иIэкъым. АтIэ, малекулэхэм я зэхэувэкIэращ псым и алыфбий хъужри. ИкIи дэтхэнэ цIыхуми зэрыхуейуэ псым псалъэуха щыхуэтхынущ, зэрегуакIуэуи а псалъэухар нэгъуэщIкIэ зэрихъуэкIыжыфынущ, - жеIэ профессор Рустум Рой.

Абы и щыхьэту къэув зы Iуэхугъуэ къэхъуауэ щытащ 1881 гъэм и щIымахуэм. ИкIэм нэсу къэтIуэтэжынщ а хъыбарыр.

“Ларес” зи фIэщыгъэцIэ кхъухьыр Ливерпуль къикIыжу, Сан-Францискэ кIуэт. Хым зэрытехьэрэ махуищ фIэкIа дэмыкIауэ, а кхъухьым мафIэс къыщыхъуащ. Зэрыхабзэу, ар зыбгынэу кхъуафэжьейм иужьрейуэ итIысхьар капитан Керри Нейлщ. Зэман гуэр дэкIри, а кхъуафэжьейм исхэр псы хуэлIэм гугъу иригъэхь хъуащ икIи сыхьэт къэсыхункIэ ар нэхъ шэчыгъуейт. ИужькIэ, апхуэдэу тхьэмахуищкIэ хым тетауэ, ахэр щIым къыщытеувэжам, зи IущагъкIи бэшэчагъкIи хылIхэм къахэжаныкI капитан Керри гупыр къызэрела щIыкIэр итхыжащ мыпхуэдэу: “Дэ узэфэ хъуну, шыгъу зыхэмылъ псым дыщIэхъуэпсырт. Ди нэгу къыщIэдгъыхьэу щIэддзащ ди кхъуафэжьейм и хъуреягъкIэ щыIэ псы шыугъэ щIыхур шыгъуншэ псы удзыфафэ хъууэ. Сэ къысхуэнэжа къару тIэкIур зэхуэсхьэсри, псыр си Iэмыщ Iэм из сщIащ. Ар си Iупэм щыхуэсхьам, шыугъэтэкъым, дызэфэ хабзэ псым хуэдэт...”

- Библием къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Исус Христос псыр фадэ (вино) щищIам, фошыгъу е нэгъуэщI зыгуэр абы хилъхьауэ аратэкъым, атIэ псым и зэхэлъыкIэр ихъуэжауэ аращ, - жеIэ профессор Коротков Константин. - Ар зэрыпэжым и щыхьэт дылъыхъуэ хуэдэ, дэ псым деныкъуэкъуу, къэхутакIуэ лэжьыгъэ куэд едгъэкIуэкIащ, - малъхъэдис, электрокъару губгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, нэгъуэщI хьэпшыпхэр псым хэдыутIыпщхьащ, цIыхухэри бгъэдэдгъэувэурэ псым хуэунэтIа гупсысэ пыухыкIахэм едгъэгупсысащ. ИужькIэ, а псыр напIэзыпIэм дгъэщтыжыурэ, наIуэ къэтщIащ цIыхум и эмоциер псом нэхърэ нэхъ лъэрызехьэу псым зэрызыхищIэр, зэритхыр.

Пэжуи, цIыхум и эмоциер, и гурыщIэр, и гупсысэр псым зэрызэхищIэр къэзыгъэлъэгъуа лэжьыгъэшхуэ щалэжьащ профессор Коротковми, нэгъуэщI щIэныгъэлI куэдми я лабораторэхэм. ЦIыху гупым псы зэрыт хьэкъущыкъур къауывыхьри, лъагъуныгъэ, щабагъэ, зыхъумэу тегузэвыхь гупсысэ къабзэхэр псым ехьэлIауэ я щхьэм щаIыгъыну елъэIуахэщ. ИужькIэ псыр яхъуэжри, а гупсысэхэр шынэкIэ, лъагъумыхъуныгъэкIэ, зауэным хущIэкъукIэ зэрахъуэкIащ. Псы лIэужьыгъуитIми я молекулэ зэхэлъыкIэр къапщытэжри, ахэр зэщхьэщыкIыу къыщIэкIащ. Лъагъуныгъэм псым и къарум, и къабзагъэм (и энергетикэм) хегъахъуэ, зауэм хущIэкъу гупсысэм псым и къарум, и зэфIэкIым къыхинэж щIагъуэ щыIэкъым, кластерхэр нэджэIуджэу зэхекъутэ.

Ар дыдэм, ауэ нэгъуэщI IэмалкIэ хуэкIуащ Японием щыщ профессор Масару Эмото и къэпщытэныгъэхэри. Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэкIэ еныкъуэкъуа нэужь, абы и лабораторэм псыр занщIэу мыл хъуху криоген камерэм щагъэщтырт. Микроволновэ хьэкум щагъэхуэба псым, мобильнэ телефоныр зыбгъэдэлъам я молекулэхэм зэхэувэкIэ гъэщIэгъуэн яIэт, ауэ псом нэхърэ нэхъ телъыджэу псым и молекулэхэм ятхар цIыхум и псалъэхэмрэ эмоциехэмрэщ. “ФIыщIэ пхузощI”, “Къысхуэгъэгъу” псалъэхэр зыжраIа псым и молекулэхэр щагъэщтам, ахэр тхыпхъэщIыпхъэ дахащэу зэхэту къыщIэкIащ. “Си гур пщыкIащ” псалъэхэр псым и кластерхэм къагъэлъэгъуащ тхыпхъэ нэджэIуджэкIэ.

Иджырей зэманым щIэныгъэлIхэм яIэ технологием и фIыгъэкIэ псым и структурэр яхуохъуэж. Апхуэдэу “зэIэза” псыр щIакIэурэ, соем и жылэхэр лабораторэм къыщагъэкIащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, а къэкIыгъэхэм къапкърыкI фотонн бзийр хыкIэ нэхъыбэт, псы къызэрыгуэкI зыщIакIэурэ къагъэкIахэм ейм нэхърэ. КъищынэмыщIауэ, зи структурэр ирагъэфIэкIуа псым къыхэкIыкIахэр куэдкIэ нэхъ псынщIэу хъуащ, я белокхэми узыншагъэмкIэ сэбэпу хэлъ микроэлементхэр нэхъыбэу къыщIэкIащ. ИкIи псы къызэрыгуэкIым нэхърэ процент 20-кIэ нэхъ мащIэт апхуэдэ псыуэ къэкIыгъэхэр зыхуейр. Псыми щIыми щIыгъэпшэр е абы хуэдэн гуэрхэр халъхьакъым, псым и химическэ зэхэлъыкIэр H_2O-уэ къэнэжащ. Яхъуэжар молекулэхэм я зэхэлъыкIэ закъуэрат. ЩIэныгъэлIхэм зэкIэ а дызытепсэлъыхь Iуэхугъуэхэр къызэрыхъу щIыкIэр яхужыIэну аращ, ахэр къыщIэхъу щхьэусыгъуэхэм нобэкIэ зы цIыхуи щыгъуазэкъым.

И ныбжьыр здынэсам елъытауэ, цIыхум и Iэпкълъэпкъым щыщу процент 70-90 хуэдизыр псыщ. Тэмэму псэун папщIэ, ику иту цIыху балигъым зы махуэм псы литри 2-2,5-рэ иреф. ЗыщигъэпскIым деж иджыри зы литрэрэ ныкъуэрэ хуэдиз и щIыфэм хохьэ. Ди унэхэм щIэт псы къижыпIэм нэсын папщIэ, псым гъуэгуанэ кIыхь икIи хьэлъэ къызэпеч. Япэм псы ежэхым и Iуфэм фIэкIа жылагъуэ щытIыстэкъым, абы щыпсэухэр тыншу псыкIэ къызэгъэпэща хъун хуэдэу. Адыгэм апхуэдизкIэ пщIэ а псы ежэхым хуищIырти, Iэ щIыбкIи, Iэ сэмэгукIи ар кърегъахъуэртэкъым. Иджы а псоми мыхьэнэ лъэпкъ иратыжкъым, сыту жыпIэмэ цIыхум зригъэсащ давленэшхуэкIэ псыр кърихуэкIыфу, ар километр мин бжыгъэкIэ ехури, къат куэду зэтет унэм и фэтэр къэс нехус. АрщхьэкIэ, псы ежэхым и къэгъэшыпIэ къэс щабэу, псыр гугъу демыхьу и псыхъуэхэр ешэщI. Фэтэрхэм яху псым и бжьамийхэр сыт щыгъуи градус 90-кIэ щIэIуэнтIауэщ къызэрагъэшыр. Апхуэдэ къэгъэшыпIэ ткIийм икI псым и молекулэ ухуэкIэр зэтокъутэ. Бжьамийм къиж псым и кристаллхэм иджыри яхъумэ ухуэкIэ гуэрхэр, ауэ абыхэм я теплъэр зэблэшащ, зэзэгъыу зы тхыпхъэщIыпхъи хэткъым.

- Дэ псоми дощIэ ди дунейм псы щымыIэу гъащIи зэрыщымыIэнур. ИкIи дэ шэч къытетхьэжкъым япэу дунейм къытехьа псэущхьэхэр псым къызэрыщыунэхуам. ИужькIэ, фIыуэ заужьа нэужь, а псэущхьэхэр есауэ аращ псым хэмысу псэуфу. Дэ а Iуэху щытыкIэр къызэрыгуэкIыу къэдбжу гулъытэншэу къэдгъэнэнкIэ Iэмал иIэкъым, -жеIэ США-м щыщ профессор, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща Вютрих Курт.

- Сэ къызолъытэ псыр джыным щIэныгъэлI псоми гулъытэ щхьэхуэ хуащIын хуейуэ, ар молекулэхэм щылъэIэсым деж игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэр зыхуэдэр къэдмыхутэнкIэ Iэмал иIэкъым. МолекулэкIэщ псым ДНК-м и спиралыр къызэригъэхъур. Псы щымыIатэмэ, ДНК-м и спираль лъэпкъи щыIэнутэкъым. Протеиным и структурэри къэзыгъэхъур псыращ. Псыр щымыIамэ, абыи и структурэр лэжьэнутэкъым, - жеIэ профессор Чаплин Мартин.

Сыт хуэдэ жылапхъэри, сыт хуэдэ псэущхьэм и Iэпкълъэпкъри (сыт хуэдэ имбрионри) псым хэлъу гъащIэм щIедзэр. Имбрионыр зыхэлъ псыр холэжьыхь гъащIэ зыгъуэтын хуей Iэпкълъэпкъыр зэхэлъхьэнми, ар къэхъукъащIэ гуэрхэм щыхъумэнми. Къалэн щищI псори зылъэкI компьютерым ещхьу, псыращ сыт хуэдэ биологическэ программэри къызэIузыхыр. Апхуэдэу щыщыткIэ, псым куэд щихъуэжыфынущ гъащIэм.

- Дэ псым хэдыутIыпщхьащ малъхъэдис губгъуэ махэ дыдэм и импульс. Ар щIым и малъхъэдис губгъуэм нэхърэ минипщI бжыгъэкIэрэ нэхъ махэт. Иджырей щIэныгъэм дежкIэ, апхуэдэ малъхъэдис губгъуэр зыри ищIыскъым. ИкIи апхуэдэ псым хэдутIыпщхьэжащ бдзэжьей къызэрыгуэкIхэр, - жеIэ профессор Солодилов Александр.

Солодиловым и псым хигъэтIысхьа бдзэжьейхэм мыгувэу щIэжьей къащIэхъуащ, псори зэ тIолъхуэныкъуэм хуэдэу зэщхьу, ауэ адрей бдзэжьейхэм я теплъэкIи, я хьэлщэнкIи къащхьэщыкIыу: бдзэжьей “щIалэ цIыкIухэм” псоми я бгъэгум я теплъэкIи я фэкIи зэщхьу итхъа теплъэ зиIэ дамыгъэ телът. Апхуэдэм щIэныгъэлIхэр фенотипическэ зэхъуэкIыныгъэкIэ йоджэ. Мыхьэнэшхуэ зиIэу абыхэм къалъытащ а зэхъуэкIыныгъэр бдзэжьеитI-щыр мыхъуу, псоми зэуэ зэрагъуэтам.

А гъэунэхуныгъэм и фIыгъэкIэ зызыхъуэжар бдзэжьейхэм я теплъэм и закъуэкъым - я хьэл-щэнкIи ахэр нэгъуэщI хъуащ: зыгъэпIейтей псоми ахэр зэ хуэдэу хущытщ, зэгурыIуауэ, егупсысауэ я щхьэ яхъумэж хуэдэ, акъыл ягъэуэтарэ ар зэдагъэлажьэ фIэкIа умыщIэну.

- Апхуэдэ гъэунэхуныгъэхэм апхуэдизкIэ щIэныгъэр иджыри хуэхьэзыркъыми, илэжь псом кърикIуэнкIэ хъунум зыри щыгъуазэкъыми, псэущхьэхэм фIэкIа а Iэмалыр епхьэлIэ мыхъуну къэтлъытащ. Псэ зыIутыр псым апхуэдизу егъэлеяуэ щихъуэжкIэ, ар къызыхэкI щхьэусыгъуэхэр къэдмыхутауэ, цIыхум апхуэдэ экспериментхэр епхьэлIэ хъунукъым, - жеIэ Солодиловым.

Ауэ ар зэкIэ а зыращ жызыIар. ЩIэныгъэлIхэр куэд мэхъу - хэт шэсыпIэ иувэфыну ди фэтэрхэм къыщиж псым а малъхъэдис губгъуэхэр хамыутIыпщхьэнкIэ, псалъэм папщIэ, цIыхубэр нэхъ жыIэдаIуэ ящIын мурадкIэ? Аращ псыр зыдж щIэныгъэлIхэр егъэлеяуэ сакъын щIыхуейр.

1932 гъэм США-м и физикхэм къахутауэ щытащ псы къызэрыгуэкIым нэмыщIа, иджыри псы хьэлъэ зэрыщыIэр - “Нитерий два О” зыфIащар. А нитерийращ лъабжьэ хуэхъуари лагъым нэхъ лъэрызехьэ дыдэр - водороднэр - къагупсысу зэпкралъхьэным. АтIэ, сытым иджы дунейр хуишэну псы къызэрыгуэкIым и щэху къызэкъуаххэм? ИщхьэкIэ къызэрыщыдгъэлъэгъуащи, Iэщэ шынагъуэ зэращIынумкIэ зэчэнджэщу я гупсысэ Iейхэр щхъухьу езыхэм яIуигъэхуэжыну псым щылъэкIакIэ, цIыхухэм я закъуэу пIэрэ зэлъытар а къэхутэныгъэхэм кърикIуэнур?..

Зэи цIыху зэмыкIуэлIа псынэ щIэныгъэлIхэм зы щIыпIэ закъуэ мы щIы хъурейм къащыхуэгъуэтауэ аращ. А псынэр Венесуэлэщ здэщыIэр. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, ди щIым и Ипщэ щIылъэныкъуэм мезозойскэ лъэхъэнэм щыIащ Гандванэ кIэ зэджэ континент. Илъэс мелуанищрэ ныкъуэрэ ипэ щыIа щIыхьей инхэм ар Iыхьэ зыбжанэу зэгуачауэ щытащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ къэунэхуащ зи джабэхэр захуэу дэкIуейуэ гуэупсыкIа бгы лъагэхэр-индеецхэм Типпуыи (“пкъохэр” жиIэу аращ) зыфIащахэр. А бгыхэм щыщу Ораймэ нэхъ ин дыдэщ.

- А щIыпIэм укIуэну егъэлеищауэ гугъущ. саваннэм, Джунглием ухэту махуищкIэ гъуэгу утета нэужь, зи джабэр пхъэхкIэ гуахэм хуэдэу захуэу щыт бгым и щыгум удэкIуейн хуейщ. Ауэ абы къыщыщIэж псыр дунейр къыщыунэхум щыгъуэ зэрыщытам хуэдабзэу хъума хъуауэ жыпIэкIэ ущыуэнукъым, - жеIэ Урысейм и щIэныгъэлI, профессор Коротков Константин.

Ораймэ сыт щыгъуи пшэ Iувышхуэ щхьэщылъщ. Пшапэ зэхэуэгъуэм а пшэр нэхъ нэху мэхъу. Бгы щыгум мазэр къыщхьэщыувэмэ, пшэр щIыхуфэу къызэщIонэри, мазэгъуэ нэхум IупщIу къыхощ мыхъейуэ хьэуам хэлъ псы ткIуэпс цIыкIунитIэхэр. Акъужь щхьэхынэ къызэрепщэу, хьэуам хэлъ псы пшахъуэр ткIуэпс-ткIуэпсурэ зэхуехьэсри, уэшхыр къоунэху. А уэшхыпсращ псыкъелъэ уэру Ораймэ и щыгум къежэхри. ЩIэныгъэлI гуп и гъусэу, Коротков сымэ дэкIуеящ Ораймэ и щыгум икIи абы и псым щыщ къыхахри, нэху зылъэмыIэс, хьэуам щыхъума контейнеркIэ Санкт-Петербург къашащ.

Коротков и лабораторэм щызэпкъралъхьащ щыуагъэншэу псым и къарур зыхуэдизыр къэзыпщ Iэмэпсымэ. Абы къигъэсэбэпащ Герлиан и Iэмалыр: электро-малъхъэдис губгъуэ лъэрызехьэм къыщыхутэ псоми нур къапкърокI. А губгъуэм зэщIиубыда объектым и энергиер нэхъ иныху, къыпкърыкI нурри нэхъ нэхущ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ Венесуэла кърашэ псыр дызэфэ псы къызэрыгуэкIым ирагъэпщащ.

- Ораймэ и псыр дызэфэм нэхърэ мин 40-кIэ нэхъ къарущ. А псы лIэужьыгъуитIыр зыкIи зэщхькъым, зыкIи зэбгъурыхьэркъым. Венесуэлэ къитша псым Iэпкълъэпкъыр напIэзыпIэм нэхъ жан ещI. Ар яхъумэри аращ а щIыпIэм щыпсэухэр цивилизацэм щIыхуэмейр. Абыхэм егъэлеяуэ насыпыфIэу залъытэж, - жеIэ Коротковым.

Иджырей щIэныгъэм наIуэ къызэрищIамкIэ, цIыху Iэпкълъэпкъым хэт псым и ухуэкIэр (структурэр) ещхьыркъабзэщ ар къыщалъхуа щIыпIэм щыIэ псым и ухуэкIэм. Абы къыхэкIыуи, къыщалъхуа щIыпIэм гурэ псэкIэ пыщIауэ цIыхум и гъащIэ псор ирехьэкI. Апхуэдэу щыщыткIэ, “Хэку” псалъэм иIэр усакIуэхэм лъагэу яIэт купщIэ нэрымылъагъум и закъуэкъым, атIэ Iэпкълъэпкъым хэт псыри а псалъэм и купщIэ IупщIыщ. “Сыт хуэдэ псы узэфар?” - щIоупщIэ ноби адыгэр, и псэлъэгъур зыщыщ щIыпIэр къищIэну щыхуейм и деж. А упщIэми IупщIу къыхощ псы ежэхым и цIэ къудейм цIыхум и хьэлщэныр зыхуэдэр къызэриIуатэр.

Мы дунейм теткъым и зэхэлъыкIэкIэ зэщхьу щIы щIагъым къыщIэж псы. Ар щIы щхьэфэм къэсын ипэ лъоIэс минерал зэмылIэужьыгъуэ куэдым. Апхуэдэ щIыкIэкIэ псым зэхуехьэс къеж ьапIэ хуэхъуа щIым и биологическэ, энергетикэ щытыкIэм теухуа информацэ псори.

Иджыблагъэ щIэныгъэлIхэм къызэIуахащ псым иджыри зы щытыкIэ гъэщIэгъуэныщэ зэриIэр, - ар зэпымыууэ маблэ, мафIэм ес, ауэ апхуэдэ Iуэ хушхуэр зылъэкIыр псынэпс къабзэращ, IэрыщIу ягъэкъэбзам и мафIэр фIокIуэд, малIэ.

- Пэжуи, мафIэм исыр езы псыращ. Ар къыхокI цIыхум игъэкъэбзам къыщхьэщыкIыу, щIыуэпсым и псы къабзэм ухуэкIэ щхьэхуэ зэриIэм. Абы и фIыгъэкIэ псым хэт кислородыр нэхъ лъэщ мэхъури, органикэ гуэрым мафIэ къыщIонэ. Ди приборхэм я дежкIэ а мафIэм и нэхур занщIэу нэрылъагъу мэхъу. Ауэ псыр мафIэм зэрисыр зэманым кIыхьу щышэщIа Iуэхугъуэщ, армырауэ щытамэ, псори мафIэм исыжат, - жеIэ Москва щыIэ университетым и профессор Воейков Владимир.

1913 гъэм щыщIэдзауэ Германием и щIэныгъэлIхэр елэжьащ псы зыхэт гъэсыныпхъэ къэгупсысыным. Ар абы къехъулIащ 1941 гъэм ирихьэлIэу, ауэ апхуэдэр бензиным нэхърэ 12-кIэ нэхъ лъапIэт, зауэм хуэщIа техникэм и лэжьэкIэри нэхъ лъэрымыхь ищIырти, къагъэсэбэпакъым. ЕтIуанэ Дунейпсо зауэм и ужькIэ псы зыхэт гъэсыныпхъэ къэгупсысыным зыри елэжьакъым, ар фейдэ зыхэмылъ Iуэхуу къалъытэри. Ауэ иужьрей илъэс 15-м кърикIуэу дэкIуэу... профессор Чжан Гохуа и къару псори аращ зрихьэлIар икIи ехъулIэныгъэфIхэр имыIэу пхужыIэнукъым. Абы къигупсысащ эмульгированнэ дизель гъэсыныпхъэ.

- Ди гъэсыныпхъэм техникэм и къарум хегъахъуэ, ар зэрисым гъуэз щхъухьу къыхихури нэхъ мащIэщ. Апхуэдэ гъэсыныпхъэр зэ хэплъхьэну тыншщ: дизелым ейм хуэдэу-процент 79-рэ, псыуэ - процент 20-р, эмульгатору - зы процент зэхэкIэн хуейуэ аркъудейщ. А эмульгатор растворыр шэм ещхьу хужь мэхъу. Техникэм игъэс гъэсыныпхъэр процент 20-м щIигъукIэ нэхъ мащIэщ, и лъэщагъми процентитхукIэ хохъуэ, - жеIэ Чжан Гохуа.

- Дэтхэнэ химикми имыщIэнкIэ хъунщ бензиным псыуэ хэт псори зэрыщыту къыхэпхумэ, ар мафIэм зэримысынур. Абы псыуэ мардэ пыухыкIа хэтын хуейщ. ЩIэныгъэлIхэр а Iуэхум 19-нэ лIэщIыгъуэм щыгъуазэ хъуауэ щытащ. Псы мэскъал гуэр хэмыту зэи мафIэ къызэщIэнэнукъым, - жеIэ Воейковым.

ЦIыхум и акъылым, и гупсысэкIэм, и дуней тетыкIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр псы къызэрыгуэкIым хухэлъхьэу нобэ щIэныгъэлIхэм хуагъэфащэ къудейкъым, ар зэрыпэжым и щыхьэт пыухыкIахэри яIэщ. Куэд щIащ иджырей щIэныгъэр щыгъуазэ зэрыхъурэ щхьэ куцIыр псыкIэ зэрыгъэнщIам, абы и нэхъыбэр псыщ икIи а псым и молекулэхэр тыншу зэрызекIуэращ куцIыр зыгъэлажьэр. Акъылыр информацэм зэрелэжь щIыкIэм псыр зэрыхэлэжьыхьым шэч лъэпкъ щIэныгъэлIхэм къытрахьэжкъым. Щхьэ куцIым и закъуэкъым - цIыхум и гур, и тхьэмбылыр, и лы джанэр - сыт хуэдэ Iэпкълъэпкъ пкъыгъуэми псыр и куэдщ.

- Зыри хэлъкъым цIыху щхьэ куцIым, псы фIэкIа. Сэри фэри фи щхьэм псыр изщ. АтIэ, иджы ди нэгу къыщIэдвгъэгъыхьэт: мис цIыхур, мис псыр. А псым здэщыIа, илъэгъуа псори щхьэхуэ-щхьэхуэурэ ехъумэ. ИкIи цIыхур абы ефа нэужь, псым и информацэ псор зэрыщыту и Iэпкълъэпкъым хохьэ. Абы къыхэкIыуи, псым хэлъа информацэр зыхуэдэм елъытауэ, цIыхуми зимыхъуэжынкIэ Iэмал иIэкъым, - жеIэ Японием и щIэныгъэлI Масару Эмото.

Ар зэрыпэжым и щыхьэту, США-м и Невадэ щыпсэу иммунолог, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор Перл Лаперла иригъэкIуэкIащ мыпхуэдэ къэпщытэныгъэ: цIыху сымаджэм лъы къыхашу анализ ящIа нэужь, наIуэ хъуащ абы лъыпцIэ хищIэу, и лъыр щIагъуэу земыкIуэу зэрыщытыр. Сымаджэм артрит къеузырт, РОЭ-р лъахъшэт, и тхьэмбылхэри мыузыншэу анализым къигъэлъагъуэрт. Апхуэдэ лъыр тэмэм ищIыжыным зи кластер зэхэтыкIэр траухуа псым хуэдэ а сымаджэр ирагъэфащ, дакъикъэ 12 дэкIа нэужь, аргуэру лъыр къыхашри, анализ ящIыжащ. Иджы абы лъыпцIэ хэлъыжтэкъым, кислороду хэтыр нэхъыбэ хъуат, лъыр нэхъ зекIуэгъуафIэт, сымаджэми и гукъыдэжым хэхъуат. Абы сэбэп хуэхъуари зи кластер зэхэтыкIэр ирагъэфIэкIуа псы къызэрыгуэкIщ.

1995 гъэм Японием щыпсэу щIэныгъэлI доктор Масаро Эмото мурад ищIащ псыр макъамэ зэмылIэужьыгъуэхэм иригъэдэIуэну. Макъамэм къеуэн зэриухыу, абы псыр игъэщтурэ, псым къыщыунэхуа кристаллхэм микроскопкIэ еплъыжащ. Бах, Моцарт, Бетховен сымэ я макъамэм тхыпхъэщIыпхъэ дахащэхэр псым къыхищIыкIат, ауэ рок хьэлъэр къыщеуэм кристаллхэм ягъуэта теплъэр шынагъуэт.

Апхуэдэу Iэмал зэмылIэужьыгъуэ куэдкIэ ирагъэкIуэкIа гъэунэхуныгъэ псоми зэхуэдэу къагъэлъэгъуащ Iейм и сыт хуэдэ нэщэнэми псым и кластерхэм я ухуэкIэр зэрызэтрикъутэр, апхуэдэ псыр къыщагъэсэбэп Iуэхугъуэхэми фIы къызэримыхьыр (псалъэм папщIэ, къэкIыгъэм щIэбгъэлъадэмэ, абы фын щIедзэ).

- Гупсысэ Iей и акъылым щызыхъумэ цIыхум псом япэ езым и Iэпкълъэпкъым хэт псыр зэтрекъутэ, Iейм телэжьэн хуэдэу зэтреухуэ. Аращ уи гум фIыр ибгъэху щIэмыхъунур. Апхуэдабзэу псым и ухуэкIэр зэтрекъутэ гулъытэншагъэми. Абы къыхэкIыу сабийхэмрэ зи ныбжь хэкIуэтауэ зи узыншагъэкIэ зылъэмыкIыжхэмрэ зэпымыууэ гулъытэ яхуэщIын, макъ щабэкIэ епсэлъэн хуейщ, - жаIэ доктор Масаро Эмоторэ щIэныгъэлI Грубер Аллоисрэ.

А псори тохуэ ди адыгэ хабзэми муслъымэн диным и хабзэхэми. Псори дытегузэвыхьыпхъэщ ди псы ежэххэм яIэ хъуа щытыкIэм. Ахэр пхъэнкIий идзыпIэ зэращIыжам кърикIуэну шынагъуэр зыхуэдэр хэт и нэгу къыхущIэгъэхьэну? Псыр дыкъэзыгъэщIам и компьютермэ, псыхъуэр дэ ди пхъэнкIий идзыпIэмэ, сытым дыпэплъэ хъуну?..

КъызэрысфIэщIымкIэ, а упщIэм и жэуапыр щхьэж езым къигъуэтыжыпхъэщ...

ГЪУЩIО Зариф.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Унэгущахэм къахуэщхьэпэн

Мэ гурымыхьыр вгъэкIуэдынумэ...

ЩIЫIАЛЪЭМ кьыдих мэ гурымыхьыр, щIакхъуэ фIыцIэ бзыгъэхэр дэпльхьэмэ, кIуэдынущ.

* * *

БДЗЭЖЬЕЙ щыбгъажьэкIэ е щыбгъавэкIэ, и мэр унэм щIэз мыхъун папщIэ, езы лым шагъыр тIэкIу лъэбгъэIэсын хуейуэ аращ.

* * *

ПЩЖФIАПIЭМ мэ гуэр кьыщIихыу хъуамэ, тебэм серчэ тIэкIу ифкIи, мафIэм тевгъэувэ. Апхуэдэу, сэбэп хъунущ апельсиныфэ е лимониф э мафIэм щхьэщыпIыгъэми.

* * *

КЪАБЫСТЭР щыбгъавэкIэ, мэ иIэнукъым, щIакхъуэ хужь IыхIэ е фошыгъу тыкIыр псым хэбдзэмэ. ЖЭгундэр щыбгъавэкIи, апхуэдэу пщIы хъунущ.

* * *

ПЭШЫМ тутын Iугъуэ щIэтмэ, щхьэгъубжэхэр Iупхрэ, напэIэлъэщI псыф зыбжанэ адэ-мыдэкIэ тебгъбгъуэмэ, щIэх дыдэу кIуэдыжынущ.

Щхьэ дыкъыдэбгъэкIуея?

Бгы лъагэм дэкIуейуэ, загъэпсэхужа нэужь, алыпинистым и гур хэхъуэу и гъусэм жреIэ:

- ЕпIыхыт, сыту тафэ дахашэ мо узыIупльэр, сурэтышI Iэзэм и Iэдакъэщ IэкIми ярейщ.

- АтIэ, и лъабжьэр апхуэдизу щыдаХэм, мыбы нэс щхьэ дыкъыдэбгъэкIуея?

Хуабжьу солажьэ

ЗолэжьэгъуитI зопсалъэ:

- Дауэ къыпщыхъурэ, сменитI зэкIэлъхьопыту сыпIэжьащ.

- Ар сыт щхьэкIэ? - егъэщIагъуэ лым.

- Лэжьыгъэ нэужьым тIэкIу сыщIхьэукъуагъ, зыми сыкъингъэущакъым.

● Фэ фщIэрэ?

IэфIщ икIи сэбэпщ

КIэртIофым щIыхум и Iэпкьлъэпкьыр зыхуэныкьуэ куэд зэлъщ - крахмал, фошыгъу, белок, кьищIынэмщIауэ, пещIщIэу Iэпкьлъэпкьым пIкьызагъэ калийм и шыгъур, кальций, гъуджэ хуэдэхэр.

Къэбгъэлагъуэмэ, кIэртIофым хэпэ белокыр адрей хадэхэкIэм яхэлъхэм нэхърэ куэдкIэ нэхъыфIщ. Нэхьыщхьэу ар зэрыкьуфлейхэм ящыщщ витамин С-р. КIэртIофым хэлъ «хьуГъуэфIыгъуэ» псоригъэ фэм и лъабжьэм зэрыщыIэм кьыхэкIыу, кIэртIофыфэр тумыхыу бгъавэмэ нэхъыфIщ, е ар пIащIэ дыдэу укъэбзыпхъэщ.

КIэртIофыр щIыIэм щыпIыгъи, хуабэм щыпхъуми хъунукъым. ЩIыIэм иса нэужь, абы хэпэ крахмалхэр фошыгъу мэ хъурэ, Iэфl кьыщIоувэ. ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, щIыIэм ису Iэфl хьуа кIэртIофыр махуи 5-7-кIэ унэм щыпIыгъмэ, Iэфlыр щIокIыж.

* * *

Пхьыр провитамин А-р зыхэлъ хадэхэкIщ. Абы кьыдэкIуэу пхьыр кьуейщ В, С, РР витаминхэмкIэ, калийм и шыгъумкIэ, натрийкIэ, кальцийкIэ, магнийкIэ, фосфоркIэ.

Пхьыр витамин хэлъкьуэ Iэпкьлъэпкьым сэбэп хуохъу, кьищIынэмщIауэ, пыхусыкъэм ущехьу мэ. Пхьы цIынэр тхъунщIауэ пшхыныр хуабжьу сэбэщ.

Пшахъуэ псыIэм хэбгъэльмэ, нэхьыбэрэ хьумэ хъунущ мы хадэхэкIыр.

НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● ГушыIэ

Хьыбарегъащ Iэ

Куэдрэ гъэсакIуэу лэжьа, щыкIуухэр фIыуэ зыльагъу бзылъхугъэр фи сабийхэм фхуэкIэльпIыпынущ, зыхуейр Iуищ Iу жаIэфмэ, щхьи зэхэдзямыщIмэ, и чэзум гъуэлъу жеймэ, езым япэ кьызэщыщыгъужмэ, захуэпэжьифмэ.

ЗытемыкIынуг: сыхьэт кьэс тумэнипщI, сабийр тIу хьумэ - сом щитI. Мазэм зы фоилъхьэгъуэ.

ГуфIапщIэ

Зи тхылъхэр зыфIэкIуэда щIалэр редакцэм щIыхьащ, хьыбарегъащIэ кьытригъэдэну.

- Си паспортыр, нэчыхь тхылъыр, налог зэрыстелымкIэ кьысIэрыхьа тхылъымпIэр, судым сызэрыраджэ хьыбарегъащIэр, банкым щIыхэр щестыжьи хуей махуэр кьызэрыблэгъажьмкIэ кьысхуагъэхьар кьэзыгъуэтам, си паспортыр кьысхурехьыжи, кьэнар гуфIапщIэу кьрещгъ.

АВТОБУСЫМ зыгъэрым мыпхуэдэу щыжиIэу срихьэлIащ: «Сэ унэм сыкьыщIэкIыркъым, дунейм и щытыкIэнур зыхуэдэр зэхэзмыхауэ». А псалъэхэр си псэм дыхьащ. Си гугъэщ ар илъэс куэд хьуауэ сыщылажьэ Гидрометцентрым кьыхуащIа нэхъ пщIэшхэу дыдэу.

Телевиденэм е радиом кьатхэм дзыхь хуэзымыщIхэри щыIэщ. АрщхьэкIэ, дунейм и щытыкIэнур сыхьэт 24-рэ и пэ иту кьэпщIэн папщIэ, Атлантикэ хым кьыщыщIэдзауэ хы Хуэмым нэсыху кьызэщIиуфыдэ щIыналъэм и уэгум кьыщыхьунэу зэхьуэкIыныгъэхэм уакIэльпIыпIэн хуейщ. Iуэхущ Iапл э минхэм хьыбарыр сыхьэтищ къэс зэ Уреисейм и Гидрометцентрым кьыIэрагъэхьэ. Абы псынщIэ дыдэу щыIэналъхьэ картэ щхьэхуэхэр. Мис а картэхэрщ къагъэсэбэпыр щыIыпIэ синоптикхэм.

Ди республикэр къэтщтэнщи, 2007 гъэм дэ Налшык щызэбгредгъэха хьыбархэм я процент 90-р, республикэм - процент 92-р пэж щыхьуащ.

Гидрометцентрым синоптикхэм я гъусэу щолажьэ агрометеорологэр, гидрологэр, метеорологэр. Жыдэкъуэ я кьалэнэхэр ягъэзащIэ гидрограф гупым, хьыбархэр кьеIыIэых, абыхэм елэжь Iэщ Iагъэлэхэм. Илъэси 10 хьуауэ ди Iуэхущ Iапl эм и унафэщIщ Богаченко Евгений. Абы кьэдкIэ и фIыщIэщ 2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Гидрометцентрыр езым хуэдэ Iуэхущ Iапl эхэу Кавказ Ищхьэрэм щыIэхэм я нэхъ пэрытхэм зэрахьхьар, езыри Росгидрометым Ипщэ федерал округым щиIэ Iэнатl эм унафэщI нэхъыфIу кьызэрыщалытыр.

ТхыдэмкIэ дыIэбэжмэ, метеорологие кIэльпIыпIыныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу ди кьэралым щыщIадзауэ кьалъытэр 1872 гъэм и щIышылэм и 1-рш. Мы махуэм Петербург и физикэ обсерваторие нэхъыщIхьэм япэ метеорологие бюллетень кьыдигъэкIащ, урысей станц 26-м, нэгъуэщI кьэрал станцитIым телеграфкIэ кьратыкIа хьыбархэр иту.

Ди республикэм къэтщтэнщи, 2007 гъэм дэ Налшык щызэбгредгъэха хьыбархэм я процент 90-р, республикэм - процент 92-р пэж щыхьуащ.

Гидрометцентрым синоптикхэм я гъусэу щолажьэ агрометеорологэр, гидрологэр, метеорологэр. Жыдэкъуэ я кьалэнэхэр ягъэзащIэ гидрограф гупым, хьыбархэр кьеIыIэых, абыхэм елэжь Iэщ Iагъэлэхэм. Илъэси 10 хьуауэ ди Iуэхущ Iапl эм и унафэщI щIыщ Богаченко Евгений. Абы кьэдкIэ и фIыщIэщ 2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Гидрометцентрыр езым хуэдэ Iуэхущ Iапl эхэу Кавказ Ищхьэрэм щыIэхэм я нэхъ пэрытхэм зэрахьхьар, езыри Росгидрометым Ипщэ федерал округым щиIэ Iэнатl эм унафэщI нэхъыфIу кьызэрыщалытыр.

ТхыдэмкIэ дыIэбэжмэ, метеорологие кIэльпIыпIыныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу ди кьэралым щыщIадзауэ кьалъытэр 1872 гъэм и щIышылэм и 1-рш. Мы махуэм Петербург и физикэ обсерваторие нэхъыщIхьэм япэ метеорологие бюллетень кьыдигъэкIащ, урысей станц 26-м, нэгъуэщI кьэрал станцитIым телеграфкIэ кьратыкIа хьыбархэр иту.

Ди республикэм къэтщтэнщи, 2007 гъэм дэ Налшык щызэбгредгъэха хьыбархэм я процент 90-р, республикэм - процент 92-р пэж щыхьуащ.

Гидрометцентрым синоптикхэм я гъусэу щолажьэ агрометеорологэр, гидрологэр, метеорологэр. Жыдэкъуэ я кьалэнэхэр ягъэзащIэ гидрограф гупым, хьыбархэр кьеIыIэых, абыхэм елэжь Iэщ Iагъэлэхэм. Илъэси 10 хьуауэ ди Iуэхущ Iапl эм и унафэщI щIыщ Богаченко Евгений. Абы кьэдкIэ и фIыщIэщ 2007 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Гидрометцентрыр езым хуэдэ Iуэхущ Iапl эхэу Кавказ Ищхьэрэм щыIэхэм я нэхъ пэрытхэм зэрахьхьар, езыри Росгидрометым Ипщэ федерал округым щиIэ Iэнатl эм унафэщI нэхъыфIу кьызэрыщалытыр.

● Гъатхэпэм и 23-р Метеорологием и урысейпсо махуэщ

Сэ срогушхуэ

Кьэщкъэтау жылагъуэхэм. БлэкIа лIэщIыгъуэм и 40-60 гъэхэм ди республикэм кIэльпIыпIакIуэ пункту 65-м щIигъу щыIащ. Хуабжьу ди жагъуэ зэрыхъущи, абыхэм ящыщ кьудэр зэхуащIыжащ.

Ди Iэнатl эм и мыхьэнэм хэхъуэурэ макIуэ. Щым и мызакъуэу, ди республикэм щыщIихьуэж зэпытщI климатым. Диту кьэдгъэкIыжьынщ 2007-2008 гъэхэм я щIышылэ мазэхэр. 2007 гъэм и щIышылэм хуабэр зэрыщытым хуей хабзэм градуси 5 - 6-кIэ еБэкIыу щытащ, ауэ иджырей щIышылэр апхуэдизу дыдэкIэ нэхъ щIыIэу кьыщIэкIащ.

Росгидрометым и лэжьыгъэм мыгувэу хуабжьу зиужьынущ. Абы дызыхуэхуэ илъэсым кьыIэрыхьэнущ дунейм и щытыкIэнур хуэдэ мини 2-кIэ нэхъ псынщIэу кьэзыщIэфыну компьютер лъэщ дыдэ.

Автоматикэр и лъабжьэу метеостанцэр щыIэжьэнущ Налшык, Прохладнэ кьалэхэм, Терсколрэ Чегетрэ. Кьыщынэмыщ Iауэ, апхуэдэ метеостанц кьыщыIэуахынущ Тырныауз кьалэмэ.

ОРЛОВЭ Валентинэ,
агрометеоролог,
Урысейм и Гидромет IэнатIэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ.

● ЩыкIуэхэм факъыхуеджэ

Бремен джэгуакIуэхэр

Шыдым жреIэ абы:

- НакIуэ, джэдуужь, ди гъусэу Бремен кьалэ, джэгуакIуэу уэрамым дыдэувэжынщ. Уэ макъыфI уиIэщ, шыкIэпшынэ уеуэурэ уэрэд жыпIэнщ, хьэр бэрэбанэ еуэурэ уэрэд жиIэнщ, сэри гитарэ сеуэурэ уэрэд жысIэнщ.

- Ерэхьу, - жи джэдуужьми, - фынакIуэ.

Йожьэ ахэр зэгъусэу.

Шыдыр шыд кIиикIэкIэ кIийуэрэ макIуэ, хьэр хьэ бэнэкIэкIэ банэурэ макIуэ, джэдуужьыр джэду пщIэукIэкIэ пщIэууэрэ макIуэ.

МакIуэ-малъэ, макIуэ-малъэ. Зы пщIантIэ гуэрымкIэ блэкIрэ пэт хуоэз эы адакъэжь куэбжащхьэм тетрэ ‹Iу-Iуу-Iу-Iуу-у-у›! - жиIэу и кьаруу кьызэрихьIэ Iуэзэ.

- Сло, адакъэжь, ущIэпIуэр? - йоупщI абы шыдыр.

- КьыпщыщIала? - йоупщI абы кьэр.

- Зыгуэрым уи жагъуэ кьища? - йоупщI абы джэдуужьыр.

- Эх, - жи адакъэжьым, - шыдым, хьэм, джэдуужьгущIэгъу кьысхуэфщI! Пщэдей сэ сызеим хьэщ э кьахуохIуэри, сэ абыхэм сыхуаукIыну я мурадщ. Сыт си Iэмал?

Шыдым жреIэ абы:

- НакIуэ, адакъэжь, ди гъусэу Бремен кьалэ, джэгуакIуэу уэрамым дыдэувэжынщ. Уэ макъыфI уиIэщ, Iэпэпшынэ уеуэурэ уэрэд жиIэнщ, джэдуужьыр шыкIэпшынэ еуэурэ уэрэд жиIэнщ, хьэр бэрэбанэ еуэурэ уэрэд жиIэнщ, сэри гитарэ сеуэурэ уэрэд жысIэнщ.

- Ерэхьу, - жи адакъэжьым, - фынакIуэ.

Йожьэ ахэр зэгъусэу.

Шыдыр шыд кIиикIэкIэ кIийуэрэ макIуэ, хьэр хьэ бэнэкIэкIэ банэурэ макIуэ, джэдуужьыр джэду пщIэукIэкIэ пщIэууэрэ макIуэ, адакъэри адакъэ IуэкIэкIэ IуэуэрэмакIуэ.

КIуэм-лъеиф, кIуэм-лъейуэрэ, жэщ кьатохьуэ. Шыдыр зэхьмрэ жыгей щIагъым щIогъуалтхьэ, джэдур кьудамэ гуэрым тотIысхьэ, адакъэр жыг щхьэкIэ дыдэм дольэтей аби, тотIысхьэри, хьурейуэ зеплъыхь. Зиплъыхьыщ-зиплъыхьри кьыплъэтъуащ мыжыжьэу мафIэ нэху.

- МафIэ нэху сольагъу! - жи адакъэжьым.

Шыдыр кьопсалъэ:

- КьэщIэн хуейщ а мафIэ нэхур зищысыр, - жи. - Хэт ищIэрэ мыжыжьэу унэ щытынкIэ мэхъу.

Хьэр кьопсалъэ:

- А унэм лы щIэльынкIэ мэ хъу. Сэ тIэкIу сышIэнт.

Джэдур кьопсалъэ:

- А унэм шэ щIэтынкIэ мэ хъу. Сэ тIэкIу сефэнт.

Адакъэми жеIэ:

- А унэм ху щIэльынкIэ мэ хъу. Сэри тIэкIу сыхуэнт.

Кьотэджкэри а мафIэ нэхум макIуэ.

Хуей гуэрым йохьэ, хуейм унэ итщ, унэ щхьэгъубжэм нэху кьыдедз.

Шыдыр бгъэдохьэри щхьэгъубжэмкIэ допль.

- Сыт плъагъуэр, шыд? - кьоупщI адакъэр.

- Сльагъуращ. - жи шыдым, - хьунщIакIуэ гуп Iэнэм пэрысу йошэх-йофэ.

- Уэху-х у, сэ зыуэ сомэжалIэри! - жи хьэм.

- Уэху-ху, сэ псы сыху оIэ! - жи джэдум.

- Дауэ мы унэм хьунщIакIуэхэр кьыщIэтхуа хьуну? - жи адакъэм.

Мэгупсысэ-мэгупсысэри мыр кьагупсыс.

Шыдым и фIалъэхэр щхьэгъубжэ лъабжьэм трегъуэрэ, хьэр абы и тхым тоувэ, джэдур хьэм и тхым дольей, адакъэр джэдум и щхьэм дольэтеиж.

Мис абдеж псори зэуэ мэкIий: шыдыр - шыд макIий, хьэр - хьэ макIий, джэдур - джэду макIий, адакъэри ядоIуэ,

ЗэрогъэкIийхэри, щхьэгъубжэмкIэ зыдагъэщэ т.

ХьунщIакIуэхэр зэбгрыщэтри мэзым щIэльэдзажь.

Шыдыр шыд кIиикIэкIэ кIийуэрэ макIуэ, хьэр хьэ бэнэкIэкIэ банэурэ макIуэ, джэдур джэду пщIэукIэкIэ пщIэууэрэ макIуэ, адакъэри адакъэ IуэкIэкIэ IуэуэрэмакIуэ.

КIуэм-лъеиф, кIуэм-лъейуэрэ, жэщ кьатохьуэ. Шыдыр зэхьмрэ жыгей щIагъым щIогъуалтхьэ, джэдур кьудамэ гуэрым тотIысхьэ, адакъэр жыг щхьэкIэ дыдэм дольэтей аби, тотIысхьэри, хьурейуэ зеплъыхь. Зиплъыхьыщ-зиплъыхьри кьыплъэтъуащ мыжыжьэу мафIэ нэху.

- МафIэ нэху сольагъу! - жи адакъэжьым.

Псалъэзэблэдз

ЕкъуэкIыу: **5.** Ди республикэм, Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу лъэпкь. **7.** ЕгъэджакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь. **9.** Пхъэбгъу зэIулIа гъавалъэ. **11.** Хадэхэкl. **12.** Африкэм щыIэ мусльымэн къэралышхуэм и щыхьэр. **13** Тхылым и «джан». **14.** ХъыкIэ бадзэ кьэзыгубыд хьэпшхупщ. **15.** ГуфIэгъуэ Iэнэм и нэхъыжь. **16.** ЦыхьэкI щэкI пIащIэ. **19.** НэгъуэщI щIыпIэ щыпсэуну Iэпхъуэ цIыху. **21.** «Куэсэ ... умыщI» - псалъэжь. **23** Жьэгу натIэм хэщIыхьа тегъэувапIэ. **24.** Нэщ I исым и пшэджьыжьыпхэ. **25.** Джэдыкl э ... **26.** Дзрбэгр Iэмэпсымэ. **29.** Апхуэдэцl э зэрахьэ Индонезием щыIэ хытIыгуми, мотоциклми, тутынхэм ящыщ зыми. **32.** ... цIыкIу бжьакъуэшхуэ. **33.** ХьэщIэ льапIэм хуаукI Iэщ. **34.** Курыт Азием щыIэ кьэралхэм я тепщэм зэреджэу щыта. **35.** Ямыкупсу щхьэкъм кьраниэ щхьэп Iэрэмэ. **40.** Iэщ бу... **41.** КьурIэн цIыкIу. **43.** Къэрэрщей-Шэрджэсым щыщ уэрэджыкIуэ, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист. **44.** Вакъэ лъапщэ кIыхь. **45.** А унэцIэр зэрахьэ режиссер цIэрыIуэми, Урысей Федерацэм и цIыхубэ артистми, ди правительствэм хэт министрхэм ящыщ зыми. **47.** Псэлъэгъуей. **49.** ТхъэмыщкIэм ират шхын Iыхьэ. **50.** Кьэбэрдей адыгэ тхакIуэ. **51.** Бзэ, хьэмбылу хуэдэр кьызэщIэзыубыдэ псалъэ. **53.** ЩIхьнхэлъхьэ. **54.** Фадэ гуащIэ. **55.** КъэрэшейI-Шэрджэсым щыщ щIэныгъэдI, удзыщIэхэр зэхуэзыхьэсыжу адыгэбзэкIэ тхылъу кьыдэзыгъэкIа. **57.** Уахунысым кьыщатъэсэбэп ткIуаткIуэ. **58.** Псыр, тенджызыр зэуадIэ щIыгъунэ. **59** Цы Iуэ кIыхь зытет. **60.** «... псалъэ, зыплъыхьи тIыс» - псалъэжь.

Къехьу: **1**. Зауэ хуэIухуэщIэм хуэгъэпса, топ, пулемет кьызэрырашэкI машинэ лъэрыгъехьэ. **2**. Нартыку гъэлыгуэ хъужыгъэ. **3**. Хэтхэ я унэ ... Кьыщокъуэ Алим и роман. **10**. Мывэ абрагъуэ. **17**. Лы щIагъуэ зытемыльэ. **18**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **19**. Мусльымэн диным пшхыну имыдэ, мыкъэлэл. **20**. «Мазэгъуэ ...» - Молтэ Владимирр э Джэдгъэф Борисрэ яуса уэрэд щIэрыIуэ. **21**. Губгъуэм кьыщрахьэлIэ гъавэр щыэтракIутэ щIыпIэ. **22**. Псы зыщIэмыт. **27**. Пщыхьэщхьэ нэмэз щIыгъуэ. **28**. Пащтыхьым и щэнт. **30**. Пасэрей зэрыпыджэ Iэщ. **31**. ГъущIэхэIым пыщIа Iэщ Iагъэ. **36**. Адыгэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, тхакIуэ, щIэныгъэдI. **37**. УЗэгъэм, фэбжьым и лъэужьу щIыбжьым кьытенэ. **38**. «Шэджэмокъуэ лъэпкъыр» романыр зи Iэдакъэщ IэкI тхакIуэ цIэрыIуэм и цIэр. **39**. Зыр ищIэу, адрейр ищхьэрэу Шэрэдж районым щыIэ кьуажитI. **41**. Кьурш лъэныкъуэмкIэ кьриху жыг щыIэтыIэ. **42**. Жыгей е бжей пхъэбгъум кьызыщIыкIа кумбыгъэщхуэ. **44**. Iэпслъэпсым щыщ. **46**. Псым и Iуфэ. **48**. «... Iурымылъэм гуащэр щymыгъэгутъ». **51**. Уэсыр зэрратхъу. **52**. Гупсысэ зэтет зимыIэ, щIыху псынщIэ. **54**. ... щIынальэ. **56**. Кьуэшым и щхьэгъусэ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Гъатхэпэм и 15-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкъуэкIыу: **1**. «Дамыгъэ». **4**. УщIякIуэ. **10**. Дадэ. **11**. Жыгун. **12**. Iуащхьэмахуэ. **15**. Хуэрэджь. **16** Тхыпхъэ. **17** Лашын. **19** Тхъэмадэ. **20** Псоущхьэ. **23** Нэгэгъу. **25**. БгъэщIэс. **27**. Дамагъуэ. **29**. Арэзынагъэ. **31**. Кьуаргъ. **32** Согъуэ. **33**. Нэсрэн. **34**. «ГъэзягъэР».

Къехьу: **2**. «Лидэ». **3**. Гъэмахуэ. **5**. Щхьэхуит. **6**. КIымыл. **7**. Адрэщхуэ. **8**. Бжэмышх. **9**. Анэмэт. **13**. МэкъумэшыщIэ. **14**. ШыкIэпшынэ. **17**. Лодан. **18**. Нысэгъу. **21** Бгырыпх. **22** Гъубжокъуэ. **24**. ЩIэрмэт. **26** Сэрымэ. **27** ДыгъафIэ. **28**. Арклъэ. **30** «Ноб».

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къудэз), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэз), **Гъуарыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаев Маритэ, Льостэн Мэуз, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхущхьэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущ Iапl эхэм ядэлажьэнымкIэ - 42-60-53; хьыбарщIэхэмкIэ, спортэм письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэнымкIэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ Iапl эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэрэ зытхахэм пэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ я Iуэху ельыкIэр зэтехуэ зэныту щыткым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынкIэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпымкIэ жэуап ельэ КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №Н-0065-ри щIэту ягъуаи.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м ЩIэхабзэмрэ хьыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и полиграфомбинат. Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкIыуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эдуардэ, редактору Шэрий Мариндэ, корректорхэу Дышэкъ Соня *(1,2,4-нэ нат.)*, Табыш Динарэ *(3,5,6-нэ нат.)*, корректорхэм я лъэныкъуэ зыIэ Иуан Заирэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ:* Ныр Саидэ, ЩакIуэ Мадинэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтыщI* Биту Жанэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тезыдзэ хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щыгрэдзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.095● Заказ №1060

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Измаил-бейрэ Зарэрэ зэIуощIэ.

Зарэ Измаил-бей фIэхъус ирехьыж.

Сурэтхэр **Флавицкий Константин** *(1830 -1866 гъэ.) Лермонтов Михаил и «Измаил-бей» поэмэм хуищIащ. 1861 гъэ*

● Цыхушхэхэм я гупсысэхэр

Бзаджэм фейдэ къелъыхъуэ

● Лъабжьэ зимыIэ зэныкъуэкъурщ акъылыншагъэм и кьежьапIэр.

Индием и Iуэрыуатэм щыщ.

● ФыщIэр псынщIэу жьы мэхъу.

Аристотель.

● ЦIыхуфIыр зи ужь итыр и кьалэныщ, бзаджэм къилъыхъуэр и фейдэ зыхэлъыщ.

Конфуций.

● Губжьырейм зэныкъуэкъур зэщIегъапIэри, шыIэныгъэ зыхэлъым егъэужьыхьыж.

Соломон.

● ЩцылъымуемыуэщIыкIэ и щIыбагъэ хъыдэтым еплъ.

Шеллер Станислав.

● Зэдауэ кIыхьым къигъэлъагъуэр лъэныкъуитIри зэрымызахуэрщ.

Вольтер.